This is a reproduction of a library book that was digitized by Google as part of an ongoing effort to preserve the information in books and make it universally accessible.

Google™ books

https://books.google.com

U OF F LIBRARIES

BS
491
.K6
C54419
1906

Digitized by Google

THIS VOLUME HAS BEEN
MICROFILMED BY THE
UNIVERSITY OF FLORIDA
LIBRARIES

Digitized by Google

Digitized by Google

Digitized by Google

Digitized by Google

TESTAMENTE

A literal translation

of the Child's Bible History by F. J. Knecht, D.D.

with

an appendix of additional Bible stories.

By

E. BIEHLER S. J.

Published by the Jesuit Mission Chishawasha.

UNIVERSITY OF FLORIDA LIBRARIES

ROERMOND.

J. J. ROMEN AND SONS.

1906.

Digitized by Google

IMPRIMI LICET.

BULAWAYO 12. December 1905.

IGNATIUS GARTLAN, S. J.

Praefectus Apostolicus.

Digitized by Google

TRANSLATOR'S NOTE.

The present translation of Dr. Knecht's Child's Bible History is mainly, if not exclusively, intended for use by our Maswina school children. The translator has followed, as closely as possible, the English version (3d edition), in order to make it easier for teacher and children to use the English text as well.

It is written in the dialect of Maswina, as spoken in and around Salisbury.

The spelling will be found to differ materially from the one followed in other Maswina books, even in those published for our immediate neighbourhood. The translator has decided upon it after a stay of mauy years of practical work amongst our natives. The principles on which he has based the figuring of the various sounds are set out at greater length in a grammar and dictionary (by the same author).

The translator takes this opportunity to express his best thanks to Dr. Knecht for his kind leave to publish his well known little book in a Chiswina dress.

CHISHAWASHA, December 8th 1905.

Digitized by Google

Digitized by Google

I.

Chikovero che chiposhi.

Testamente Yakare.

TRANSLATION

of the Child's Bible History by F. J. Knecht, D.D.

(word for word, as much as possible).

CHIMEDU 1.

Kusikwa kwa Pasi.

Pokutanga Yave wakasika denga na pasi. Asi, pasi pakanga paine rima, pasine chiripo. Yave wakati: „Achive chinoveneka!" Chakava chinoveneka. Rakanga riri zuva rechiposhi. Zuva rechipiri Yave wakati: „Rive denga rinooniwa." Zwakaitkwa kudaro. Yave wakatumidzira denga rinooniwa, „Denga."

2. Zuva rechitatu Yave wakati: „Mvura ya pasi iongane mu nzwimbo imŵe chete: nyika yakaoma ive pachena." Zwakaitkwa kudaro. Yave wakatumidzira nyika yakaoma *Pasi,* mvura yakaonganidzgwa wakaitumidzira *mvura uru.*— Yave wakati pakare: „Pasi apamèrese uskwa, muriwo ne

Digitized by Google

Kusikwa kwa Pasi.

miti ye michero." Zwakaitkwa kudaro. Pasi pakafugidzgwa no uskwa, no muriwo, ne miti ichibereka michero.

3. Zuva rechina Yave wakati: „Ive mwenje mu denga rinooniwa!" Zwakaitkwa kudaro. Yave wakasika zuva, mwedzi ne nyenyedzi kundorongedzera masikati no usiku, kundokamura kuveneka ne rima.

Zuva rechishanu Yave wakati: „Dzive ove mumvura, ne shiri pamwea." Yave wakasika ove ne shiri, no rudzi rgwadzo.

4. Zuva rechitanatu Yave wakati: „Pasi pabereke mombe no tukara two rudzi rgwose." Zwakaitkwa kudaro. Yave wakasika tukara ne mombe, ne zwose zwakasikwa zwinonanaira pasi.

Pokupedza, Yave wakasika munu.

Zuva rechinomwe Yave wakazorora, wakabenedika zuva iro, wakariita risante.

Digitized by Google

ZWIBVUNZO.

1. Yave wakasikeyi pokutanga? Pasi pakanga pakaita seyiko? Yave wakareveyi, wakasikeyi zuva rechiposhi? Zuva rechipiri?
2. Yave wakareveyi, wakasikeyi zuva rechitatu? Yave wakareveyi pakare?
3, 4. Yave wakareveyi, wakasikeyi zuva rechina, rechishanu, ne rechitanatu? Yave wakaiteyi zuva rechinomwe?

CHIMEDU 2.

Kusikwa no kuraskwa kwa va Angere.

1. Pana pasi panooniwa, Yave wakasika pakare denga risingaoniwe, dokuti vaangere vedenga. Pokutanga vose vakanga vakanaka, vano moyo muchena.

2. Asi vaangere vajinji vakazwikudza, vakaramba kuterera Yave. Zwino Mikael na vamwe vaangere vakanaka vakargwa ne mwea yakaipa, vakakurigwa, vakaraskwa kunze kwe denga pasi ku moto mujinji. Ishe wa vaangere vakaraskwa, ndiye Lucifer. Anotumidzirgwa pakare Satan, kana diabore.

3. Yave wakatusa vaangere vakanaka nokuvapa kufara kusingapere.

Kuraskwa kwa diabore na Mikaele musante, arkangere.

Digitized by Google

ZWIBVUNZO.

1. Yave wakasikeyi pana pasi panooniwa?
2. Davanani vakargwa na vaangere vakaipa?
3. Yave wakatusa neyiko vaangere vakanaka?

CHIMEDU 3.

Kusikwa kwo munu wechiposhi. — Paradiso.

1. Kana Yave wakasika munu, wakaumba muviri wo munu ne daka ra pasi, wakafemera kumeso kwake chifemo cho rupenyu; munu wakava mupenyu. Yave wakamutumidzira Adam, zwinonzi „munu wakatorgwa kunevu."

2. Mambo wakaitira munu oga munda wakanaka, unonzi „Paradiso." Pakanga paine miti yo rudzi rgwose, no rudzi rgwose rgwe michero yakanakisa. Yave wakaisa Adam mu munda uyo, wakati kunaye: „Ne miti yose ye Paradiso, udjge zwako. Asi iwe unozorega kudjga yo muti uri mukati mu munda. Kuti, kana uchiidjga, unozofa no rufu."

3. Kuno musi uyo Adam wakanga ari munu oga. Dozwa Yave wakaitira Adam abatkwe ne ope jinji, dozwa wakatora rumwe rumbabvu rgwake, wakaumba nargo mukadzi. Kana Adam wapepuka, Yave wakauya no mukadzi kunaye. Adam wakaita no moyo muchena, wakatumidzira mukadzi Eva, zwinonzi, „Amai va vapenyu."

4. Adam na Eva vakagara vachifara kwazwo mu Paradiso. Vakanga vakanaka vasine maka, nenjere dzakarurama, vasingazive zwakaipa.

ZWIBVUNZO.

1. Yave wakaumba muviri wo munu wechiposhi seyiko?
2. Yave wakaisa Adam kupiko?
   lomuti upiko Adam wakarambidzgwa kudjga?
3. Eva wakasikwa seyiko?
4. Adam na Eva wakagara seyiko mu Paradiso?

Digitized by Google

CHIMEDU 4.

Kutadza kwa vakuru vedu vechiposhi.

1. Diabọre wakaringisa ne shanje kufara kwa Adam na Eva. Kundovachengedza, diabore wakazwivanza mu nyoka. Nyoka yakati kuna Eva, „Yave wakamurayidzireyi kurega kudjga no muti oga oga we Paradiso?"

2. Eva wakati, „Tinodjga ne miti yo munda. Asi Yave wakatirayidza kuti tirege kudjga yo muti uri mukati mu Paradiso, kuti tirege kufa."

3. Nyoka yakadavira: „Kwete, chokwadi, amufe kana muchiidjga; asi imi, meso enyu anozozarurgwa, muchafanana na Yave." Eva wakaterera wakazwikudza; wakaringisa muchero, wakaona kuti unopeñya, kuti wakanaka. Watora, waudjga. Zwino wakapa Adam; naye wakadjga chokwadi. Kudaro rgwakapargwa rutadzo rgwechiposhi.

4. Zwino meso avo akazarurgwa, vakaona kuti vari bunumunu. Vachibatkwa nokunyara, vakatanga kusonanidza majija a makuyu kusimira ubunumunu wavo. Asi, zwino vazwinzgwa izgwi ra Yave vakazwivanza pakati pe miti yo munda. Dozwa Yave wakadanidza, wakati: „Adam, uri kupiko?"

5. Adam wakadavira: „Ndinochka, kuti ndiri bunumunu; ndakazwivanza. „Yave wakati: „Diani wakakuudza kuti uri bunumunu; kuti wakadjga muchero wakarambidzgwa?" Adam wakati; „Mukadzi wakandipa; ndikadjga." Zwino Mambo wakabvunza mukadzi: „Wakaitireyi izwi?" Wakadavira: „Nyoka yakandichengedza, ndikadjga."

ZWIBVUNZO.

1. Diabore wakapinda muneyiko kuti achengedze vakuru vedu vechiposhi?
2. Eva wakadavireyi?

Digitized by Google

3. Eva wakaiteyi, kana diabore akati maziso enyu anozozarurgwa?
4. Vakazwivanzireyi, kana Yave wakauya kuvashevedza?
5. Yave wakareveyi kuna Adam na Eva? vakadavireyi?

CHIMEDU 5.

Kurangwa kwa vakuru vedu vechiposhi. Kupikwa kwo Munnuuri.

1. Zwino Mambo wakati kune nyoka: „Kuti wakaita izwi, unonyombga pane muka dzose dza pasi. Ndinosoisa kusemana, kunewe no kuno mukadzi, kuna vana vako na vake. Diye anozobganya musoro wako." Dizwo zwinotaura Mununuri.

Kurangwa kwa vakuru vedu vechiposhi.

2. Kuna Eva wakati: „Unozoona namo uru na vana vako. Unozorayidzgwa no murume wako."

Digitized by Google

3. Kuna Adam Mambo wakati: „Pasi panyombge mu basa rako: minzgwa na mafeso panozoberekerewe. Nedikita ro uso wako, unozodjga chingwa chako, kuti unozodzokera pasi, kwa wakatorgwa: Kuti uri uruva, uchadzokera pakare kuuruva."

4. Musi uyo Yave wakaitira anzu ye newe Adam no mukadzi wake.

Dozwa akavatanda kunze kwe Paradiso.

ZWIBVUNZO.

1. Yave wakanyomba seyiko nyoka?
2. Yave wakaranga Eva seyiko?
3. Wakataureyi kuna Adam?
4. Yave wakaitira Adam na Eva anzu dzeyiko?

CHIMEDU 6.

Kain na Abel.

1. Adam na Eva vakanga vaina vana vakomana vaviri. Dangwe wakatumidzirgwa Kain; gotkwe, Abel. Kain wakanga ari munu anorima, Abel mufudzi. Abel wakanaka; asi Kain, wakaipa.

1. Rimwe zuva vakateurira chiteuriro kuna Yave. Kain wakateurira zwa pakabereka pasi, Abel wakateurira vana vechiposhi ve zwipfuo zwake. Yave wakaringisa no moyo muchena Abel ne zwipo zwake; asi kuna Kain ne zwiteuriro zwake, warega kutarisa.

Dozwa Kain wakava ne asha kwazwo, uso wake wakaunda nokutsutsumwa.

3. Mambo wakati kuna Kain; „Uneitireyi asha? Uso wako wakaundireyiko? Kana uneita zwakanaka, unozo-

Digitized by Google

tuskwa; asiiwe, kana uneita zwakaipa, kurangwa kuchagaririra pa muso. Tiza rutadzo."

Kain anouraya Abel, muninyina wake.

4. Asi Kain warega kuterera Mambo. Rimwe zuva wakati kuno muninyina wake: „Uya, tiende kunze kusango." Kana vakanga vachiripo, Kain wamukira muninyina wake Abel, wakamuuraya.

5. Mambo wakabvunza Kain: „Muninyina wako Abel, ari kupiko?" Kain wakadavira: „Ameno! ndinisu muchengete wo muninyina wangu?" Yave wakati kunaye: „Wakaiteyi? Izgwi ra maropa o muninyina wako anoridza mere kuneni richibva pasi.

Dozwa unonyombga uchiri pasi. Kana unozorima, (pasi) panozoramba kuberekerewe. Uchitiza, unozofamba famba pasi pose."

6. Zwino Kain wasia uso wa Mambo, wakagara pasi achitamatama.

Digitized by Google

ZWIBVUNZO.

1. Vana vakomana vaviri va Adam na Eva vakatumidzirgweyi?
2. Vakateurireyi kuna Yave rimwe zuva?
3. Mambo wakareveyi kuna Kain wakanga ane asha?
4. Kain wakauraya Abel seyiko?
5. Mambo wakareveyi kuna Kain, wakamuranga seyiko?
6. Kain wakagara pasi seyiko?

CHIMEDU 7.

Kuvakwa kwe Arka.

1. Adam na Eva vakanga vana vana vakomana na vasikana vajinji. Vanu vakaramba vachiva vajinji. Asi kutadza no kuipa kwakaramba kuchiva kujinji zwakadaro. Yave wakati: „Ndichapedza vanu no uso wa pasi."

2. Pakati po rudzi urgo rgwakaipa, wakanga ari munu wakanaka mumwe chete anenjere dzakarurama, wakanzi Noe. Yave wakati kunaye: „Uzwiitire arka ne miti yakatsemurgwa, uriname no urongo mukati no kunze. Unozoita musuo mukati me arka, ne goni parutivi paro. Ona! ndichatuma mvura ya makomo pasi. Numbi dzose dziri pasi, dzinozopera. Asi iwe ne muri yako unozopinda mu arka.

Tora newe mukono ne hadzi dzo rudzi rgwose rgwo tukara, no kudjga kwako ne kwo tukara."

3. Noe wakaita zwose sa Yave wakarayidza. Wakagara makore zana achivaka arka, wakaramba achifundisa vanu kupfidza matadzo.

4. Asi ivo, avakaterera kurayidza; vakadjga, vakanwa, vakaongana kutamba.

ZWIBVUNZO.

1. Chiyiko chakawanda pasi, kana vanu vakava vajinji?
2. Dianiko Noe? Yave wakamuudza kuiteyi?
3. Noe wakaskwere makore mangani achivaka arka.
4. Vanu vakaterera ere kurayidza kwake?

Digitized by Google

CHIMEDU 8.

Mvura inozadza pasi.

1. Yave wakareva kuna Noe; „Pinda mu arka. Ndichatuma mvura mazuva makumi mana no usiku makumi mana. Zwose zwiri zwipenyu zwinopedzgwa mu uso wa pasi."

Arka kwa Noe, mvura inozadza pasi.

2. Noe wapinda mu arka. Naye vapinda mukadzi wake, na vana vakomana vake vatatu, na vakadzi va vakomana vake, no tukara. Diye Yave oga wakazarira arka no kunze.

3. Zwino matsime makuru a pazasi akapunzisa ne misuo ye mvura ye denga yakazarurgwa; mvura yakadona pasi mazuva makumi mana no usiku makumi mana. Mvura inoeredza yakakwira zwimedu gumi rineshanu pauzuru pa makomo marefu kwazwo. Asi arka rakayangaruka pamsoro pe mvura ichikwira.

Digitized by Google

4. Kudaro zwakapedzgwa zwose zwakasikwa zwigere pasi, na vanu no tukara, ne shiri iri kudenga, na makonye ari pasi. Noe oga wakaregergwa, navo vakagara naye mu arka.

ZWIBVUNZO,

1. Yave wakareveyi kuna Noe?
2. Diani wakapinda na Noe mu arka?
3. Zwakaitkweyi mazuva makumi mana no usiku makumi mana?
4. Chiyiko chakapedzgwa kudaro, davanani vakaregergwa voga?

CHIMEDU 9.

Chiteuriro cha Noe. — Mutsi we mvura.

Mvura yakagara mazuva zana rinamakumi mashanu pasi. Zwino Yave wakatuma mepo inodzia pasi. Mvura yakanyakatira kashoma na kashoma; arka rakagara pauzuru pegomo refu mu Armenia,

Chiteuriro cha Noe.

Digitized by Google

2. Kana pasi pakaoma kwazwo, Yave wakati kuna Noe: „Buda mu arka ne muri yako no tukara tkwose."

3. Noe wakadaro, achitora naye muri yake no tukara kwose. Achichemera kutenda, wakavaka altare, wakateurira chiteuriro kuna Mambo. Yave wakada chiteuriro. Wakaita mutsi we mvura kudenga. wakati: „Andichapedza pakare vanu ne mvura. Mutsi we mvura pa makore, do mucherechedzo we zwandakapikira kuna pasi."

ZWIBVUNZO.

1. Yave wakatumeyi mazuva zana rinamakumi mashanu apera?
2. Zwakaitkweyi kana pasi pakaoma?
3. Noe wakateurireyi achibuda mu arka?
4. Yave wakaiteyi, wakareveyi?

CHIMEDU 10.

Kushevedzgwa kwa Abraham.

1. Vana va Noe vakakurumidza kuva vajinji. Asi avo vachiri kuva vajinji mukuverergwa, mukudaro vakanyanya nokuipa. Vanu avachapfugamira Yave wazwokwadi mumwe chete; asi panzwimbo po Musiki wavo, vakapfugamira zwimwe zwipenyu zwakasikwa, nezwo zwifanandizo zwisino zwipenyu.

2. Musi uyo, wakagara munyika ya Kaldea munu wakanaka; wakanzi Abraham. Diye wakaudzgwa na Yave: „Chibuda munyika mako, kunyika kwandichakurakidza. Ndichakuita baba wo rudzi rukuru, ndichakubenedika."

3. Abraham wakatendera Yave, wakaenda kwa Kanaan. Apo Mambo wakazwionesa kunaye kachipiri, wakati: „Tarisa! ndinozokupa nyika ino kunewe no kuna vana vako."

Digitized by Google

4. No musi uyo, Kanaan yakatumidzirgwa, „Nyika yakapikwa," kuti Yavé wakapipika kuna Abraham no kuna vana vake.

5. Mamwe mazuva apera, Yave wakazwionesa pakare kuna Abraham, wakati: „Ndinoita newe kutsinanisa. Ndinogara newe na vana vako. Asi iwe, munonditerera. Ndiri Mambo no Muridzi wenyu. Domucherechedzo wokutsinanisa nemi: Panemi vana vakomana vose, vazwargwa, vaita mazuva masere, vachekergwe Yave,"

6. Musi uyo Abraham wakanga ana makore makumi mapfumbamwe ana mapfumbamwe, asina vana. Yave wakati kunaye: „Gore rapinda, Sara mukadzi wako, achava no mwana mukomana."

ZWIBVUNZO.

1. Vana va Noe vakapfugamireyi panzwimbo pa Yave wazwokwadi mumwe chete?
2. Yave wakareveyi kuna Abraham?
3. Abraham wakaiteyi?
4. Kanaan yakatumidzirgweyi no musi uyo?
5. Dokupi kutsinanisa kwa akaita Yave na Abraham?
6. Yave wakapikeyi kuna Abraham, kana akava na makore makumi mapfumbamwe ana mapfumbamwe?

CHIMEDU 11.

Chiteuriro cha Abraham.

1. Sara wakazwara mwana sa akapika Mambo. Abraham wakanga ana makore zana, wakatumidzira mwana mukomana wake Isak, wakamuchekera Yave zuva rechisere.

2. Kana mukomana akakura, Yave wakateya Abraham. Umwe usiku Mambo wakati kunaye: „Abraham tora mwana mukomana wako mumwe chete Isak, waunoda, chienda ku gomo Moria; dopa unomuteurira kuneni se chiteuriro chikuru."

Digitized by Google

Chiteuriro cha Abraham.

3. Mangwana mangwana Abraham wakamuka, wakatema uni dzechiteuriro. Uni wakadziisa pa mafudzi a Isak; iye wakatakura moto ne banga. Vachifamba zwavo, Isak wakati: „Baba wangu!" Abraham wakadavira: „Unotswageyi, mŵana wangu?" Isak wakati namasimba: „Ona! tinomoto ne uni. Asi iwe, dechipiko chatinobaya kundoteurira?" Abraham wakadavira: „Yave, diye achatipa chatinobaya, mŵana wangu!"

4. Kudaro vakaramba vachienda pamŵe chete. Pamusoro pe gomo, Abraham wakavaka altare, wakaisa uni pauzuru paro, wakasunga mŵana wake, wakamuisa pa uni.

Zwino Abraham wakatambanudza ruoko rgwake, wakatora banga kundoteurira mŵana wake. Asi imi, onai! angere we denga wakachema achiti: „Rega kuisa ruoko po mukomana: kuti zwino ndinoziva unoŵunduka Yave; aunokuregera mŵana mukomana wako mumŵe chete, kundiitira."

5. Zwino Abraham wakasimutsa meso ake, wakaona nzombe ye wai ichibatkwa pa nyanga mu minzgwa. Wakatora nzombe, wakateurira se chiteuriro chikuru, panzwimbo pa mŵana wake.

6. Angere wa Mambo wareva pakare kuna Abraham: „Dozwa anotaura Mambo: „Kuti wakaita izwi, kuti awakaregera mŵana mukomana wako mumŵe chete, ndinozokubenedika, ndinozoita vana vako vajinji se nyenyedzi kudenga,

Digitized by Google

so rushesha ruri pamiri pemvura uru. No mu rudzi rgwako vanu vose va pasi vanobenedikwa."

Mazgwi okupedza anotaura Mununuri.

7. Zwino Abraham wakadzokera kumusha no mw̄ana wake. Isak achitakura uni, anofananidza na Yesu Kriste, achitakura chipianiso chake.

ZWIBV̄UNZO.

1. Abraham wakanga ana makore mangani, kana Isak wakazwargwa?
2. Yave wakareveyi kuna Abraham, kana Isak akakura?
3. Abraham wakaiteyi? Isak wakabv̄unzeyi?
4. Abraham wakavakeyi, kana vakaswika kugomo? Angere wakareveyi namasimba?
5. Chiyiko chakabatkwa mugwenzi?
6. Angere wa Mambo wakareveyi pakare?
7. Isak wakanga ari chifananidzo chani?

CHIMEDU 12.

Yosefe anosemwa na vakoma vake.

1. Musi uyo wezwo wapera, zwakaitkwa kuti na Isak wakava no mw̄ana mukomana, wakatumidzirgwa Yakob. Diye Yakob wakanga ana vana vakomana gumi rinavaviri; wakada Yosefe pana vose vamw̄e, kuti diye ana makore mashoma, wakanaka kwazwo. Yakob wakamuitira anzu yakanakisisa, ina mavara. Rimw̄e zuva, vakoma va Yosefe vakanga vachifudza vose zwipfuo zwavo, vamw̄e panavo vakapara rutadzo rgwakaipisa. Yosefe wakatsamw̄a kwazwo, wakaudza baba wake zwakaitkwa. Dozwa vakoma vake vakamusema, vakaramba kutaura naye zwakanaka.

2. Zwakaitkwa pakare kuti Yosefe wakarota chiroto chakashamisa. Wakati kuna vakoma vake: „Inzgwai chiroto

Digitized by Google

changu: Ndafunga tichirikusunga matumbu e chingwa muminda. Dumbu rangu rakamuka, rakamira; asi matumbu enyu akakotamira pane dumbu rangu."

3. Dokwa vakoma vake vakapopota, vachiti: „Iwe uchava mambo wedu ere?" Vakapamidza kumusema pana kare.

ZWIBVUNZO.

1. Diani mŵana wa Isak? Yosefe wakasemergweyi na vakoma vake?
2. Yosefe wakaroteyi zwe dumbu rake na matumbu a vakoma vake?
3. Vakoma vake vakadavireyi namasimba?

CHIMEDU 13.

Yosefe anotengeskwa na vakoma vake.

1. Rimŵe zuva, vana va Yakob vakaenda ne zwipfuo zwavo kwa Sikem. Yakob wakati kuna Yosefe: „Chienda kundoona, kana zwakanaka zwose kuna vakoma vako ne mombe." Yosefe wakaterera, wakaenda kundovaona.

2. Kana vakoma vake vakamuona achiri kure, vakachema vachiti: „Nyakurota anouya; timuuraye, tigoti wakadjgiwa ne muka."

3. Kana Yosefe wakaswika padjgo pa vakoma vake, avo vakakutunura anzu yake ina mavara, vakamurasa mu mugodi wa kare. Vapedza vakagara kundodjga. Vachidjga, vakaona vatengesi vachipinda na makameri achitakura tumiti twokunakisa zwokudjga, ne balsamo, ne mira ku Egipte.

4. Zwino Yuda wati kuna vakoma na vaninyina vake: Zwinotipfumisa seyiko, kana tichiuraya muninyina wedu. Pano kudaro, zwakanaka kuti atengeskwe kuna vatengesi avo, kuti maoko edu arege kutswukiskwa; kuti ari muninyina wedu."

Digitized by Google

Yosefe anotengeskwa na vakoma vake.

5. Vamwe vakabvuma vakamuzwuva mu mugodi, vakamutengesa na mashireni makumi maviri. Yosefe wakachema misodzi, wakateterera vakoma vake: asi ivo vakaramba. Vatengesi vakaenda naye kwa Egipte.

6. Yakob wakanga asingazive zwakaitkwa na mwana wake. Wakachema: „Chikara chakamudjga Yosefe." Wakagomera misi mijinji, achiramba kukungurgwa.

Yosefe achitengeskwa na vakoma vake, dicho chifananidzo cha Yesu Kriste achitengeskwa na Yuda.

Zwibvunzo.

1. Yakob wakareveyi rimwe zuva kuna Yosefe?
2. Vakoma vakareveyi kana vakaona Yosefe achiuya?
3. Vakaiteiyi kwa ari?
4. Yuda wakareveyi?
5. Mari mangani akatengeskwa Yosefe?
6. Yakob wakachemeyi?

Digitized by Google

CHIMEDU 14.

Yosefe mumba ma Putifare.

1. Kana vaswika mu Egipte, vatengesi vakatengesa Yosefe kuna Putifare, ishe wa mapurisa a mambo (Farao.)

Mambo (Yave) wakagara na Yosefe, wakamubenedika mune zwose zwaakaita.

Putifare wakamuda Yosefe, wakamupa kuchengeta numbi dzemba dzose.

2. Dokwa mukadzi wa Putifare, wakaipisa. Wakamanikidza Yosefe kupara rutadzo rukuru kwazwo. Asi iye wakaramba achiti: „Ndinogona seyiko kupara rutadzo rukuru rgwakadaro kuna Yave wangu?"

3. Rimŵe zuva, mukadzi wakabata mukombero we anzu yake, wakada kumubata.

Asi iye Yosefe, wakasia anzu yake mu ruoko rgwake, wakatiza. Dozwa mukadzi wakava ne asha kwazwo. Wakarakidza anzu kuno murume wake, achiti: „Yosefe wakauya kuneni, wakavavarira kunditadza. Asi, kana ndakaridza mere, diye wakasia anzu yake mu ruoko rgwangu, wakatiza."

Putifare wakatendera mukadzi wake.

Wakava ne asha kwazwo, wakarasa Yosefe kutronko.

Zwibvunzo.

1. Yosefe wakatengeskwa kunani mu Egipte?
2. Mukadzi wa Putifare wakateya Yosefe kundopareyi?
3. Wakaiteyi rimŵe zuva? Wakaudzeyi murume wake?
4. Yosefe wakarasirgweyi mu tronko?

Digitized by Google

CHIMEDU 15.

Yosefe mutronko.

1. No mutronko Yave wakagara na Yosefe wakamuitira kuti adiwe no muchengeti we tronko; diye wakapa Yosefe kuchengeta vose vamŵe vari mu tronko.

Musi uyo zwakaitkwa kuti muchengeti mukuru we wawa no mubiki mukuru wechingwa wa mambo Faro vakaraskwa kutronko.

2. Mamŵe mangwana Yosefe wakaona kuti vanu avo vaviri vachirikutsamŵa kwazwo. Wakavabvunza: „Munotsamŵireyi?" Vakadavira: „Tarota chiroto usiku uno; apana mumŵe kutionesa chiroto chedu." Yosefe wakati kunavo: „Kufembera akuuye na Yave ere? Ndiudzeyi zwa makarota.

3. Muchengeti mukuru we wawa wakatanga kuudza chiroto chake. Yosefe wakadavira: „Mazuva matatu apera, mambo anokutsa pakare kubasa rako rakare. Undiyeuke musi uyo, ukumbire mambo andiburitse mutronko umo; kuti, andine maka."

4. Zwino mubiki we chingwa wakataura chiroto chake. Yosefe wakati kunaye: „Mazuva matatu apera, mambo achatora musoro wako kunewe, anokusunga kuchipianiso."

5. Zuva ratatu rauya. Diro zuva rokuzwargwa kwa Farao. Zuva iro mambo wakayeuka muchengeti mukuru we wawa wake no mubiki mukuru wake we chingwa. Diye wechiposhi wakaiskwa pakare kunzwimbo yake; mumŵe wechipiri wakarayidzgwa kuti asungwe kuchipianiso. Muchengeti mukuru we wawa wakaita no moyo muchena mu kufara kwake; asiye aachamufunga Yosefe.

ZWIBVUNZO.

1. Yosefe wakadiwa seyiko no muchengeti we tronko?
2. Muchengeti we wawa nomubiki we chingwa vakaitireyi moyo mutema?

Digitized by Google

3. Yosefe wakaudzeyi kuna muchengeti mukuru wa wawa?
4. Wakaudzeyi kuno mubiki mukuru we chingwa? Zwakaitkweyi zuva rechitatu?

CHIMEDU 16.

Kuitkwa mukuru kwa Yosefe.

1. Makore maviri apera, Farao wakava ne chiroto: Wakafunga, wakamira parukova Nile. Dzakabuda kumvura mou nomwe dzakanakisa dzakakora, dzakafura mudeve. Mushure medzo, dzakauya dzimwe mou nomwe dzakaipa, dzakaonda; nadzo dzakapedza dzimwe dzakakora. Zwino mambo wakapepuka. Warinda ope pakare, warota chimwe chiroto. Ura nomwe dzechingwa dzakakura pa shanga rimwe chete; ura dzizere, dzakanaka. Mushure medzo dzakatumbuka dzimwe

Yosefe mungoro ya Farao.

Digitized by Google

ura nomwe netenete dzakatswukuruka; idzo dzapedza runako rgwose rgwedzimwe.

2. Zwino Farao wakapepuka pakare. Kana mangwana auya, wakashevedza vakuru vose vanenjere va Egipte, wakavataurira zwiroto zwake. Apana wakagona kuzwitaura.

3. Zwino muchengeti mukuru we wawa wakayeuka Yosefe, wakati; „Mutronko mune tswimborume: diye mumwe musi wakanditaurira zwiroto kuneni no kuno mubiki wechingwa; zwose zwakaitkwa mu misi yakaudzgwa!" Mambo wakashevedza Yosefe, wakamutaura zwiroto zwake zwiviri.

4. Yosefe wakati: „Mou nomwe dzakanaka ne ura nomwe dzakakora ari makore manomwe amaguta, Asi, mou nomwe dzakaonda ne ura nomwe dzakatswukuruka, zwiri makore manomwe enzara. Musi uyo ichava nzara uru munyika yose. Dokuti, mambo asarudze munu anenjere, achaonganidza muzwitura zwio zwinonyanya mumakore manomwe amaguta, kuti anazwo mu makore manomwe enzara."

5. Kurayidza uko kwakachenesa moyo wa mambo, achiti kuna Yosefe: „Ndinogona ere kuona mumwe munu wakadaro azere no Mwea wa Yave? Ndiwe mukuru mumba mangu, ne zwose zwa unorayidza no muromo wako, vanu vose vaterere."

6. Zwino Farao wakabisa chimbatamunwe muruoko rgwake, wakachiisa kuruoko rgwa Yosefe. Na pakare wakamupfekesa ne anzu edjira rakanaka, wakamumoneredza ungwerengwa we ndarama pauro. Zwino wakarayidza kuti Yosefe agariskwe mungoro yokupururudzgwa; nume acheme achiti: „Pfugamai na mabvi kuna Yosefe, kuti ndiye ari murayidzi we nyika yose Egipte."

Zwibvunzo.

1. Farao wakaroteyi zwe mou nomwe ne ura nomwe?
2. Farao wakaiteyi mangwana?

Digitized by Google

3. Muchengeti mukuru we wawa wakayeukasi?
4. Yosefe wakaparidza zwiroto seyiko?
5. Farao wakareveyi kuna Yosefe?
6. Wakaiteyi kuna Yosefe?

CHIMEDU 17.

Vana va Yakob vaneenda kwa Egipte.

1. Makore manomŵe amaguta auya, sa Yosefe wakafembera. Yosefe wakaonganidza zwio zwakanyanya, wakazwichengeta mu zwitura. Asi, mumusi wakafembergwa, makore manomŵe enzara auya, yava nzara uru munyika kwose. Zwino Yosefe wakazarura zwitura, wakabatidza nyika yose ne chingwa (zwokudjga.)

2. Wauya pakare musi kana nzara yava uru munyika Kanaan. Dozwa Yakob wakati kuna vana vake: „Chiendai imi zasi kwa Egipte, mutenge zwa tinoshaya, kuti tirege kufa ne nzara." Dozwa vana gumi va Yakob vaenda zasi. Asi, gotkwe, wakanzi Benyamin, wakachengetkwa pa musha na Yakob, kuti arege kuone namo munzira.

3. Vakoma (va Yosefe) gumi vaswika zwakanaka mu Egipte; vachiona Yosefe, vakakotama pasi pamberi pake. avakaziva kuti diye muninyina wavo. Asi, iye wakaziva achiyeuka chiroto chake. Kundovaedza (vakoma vake) wakareva kunavo ne asha, wakati: „Muri vasori, mauya kuzosora nyika."

4. Vadavira: „Kwete. akusiri kudaro, Mambo wangu. Tiri vanu vanogarika, atifunge kutadza. Tiri pamŵe chete vakoma na vaninyina gumi rina vaviri. Asi, gotkwe ari kuna baba wedu kumusha; mumŵe ..... aasiri mupenyu."

5. Yosefe wakadavira: „Dozwandareva: kuti muri vasori." Wakavarasa kutronko mazuva matatu.

Digitized by Google

6. Zuva rechitatu wakavaburitsa mutronko, achiti: „Ndichaona kana muchireva zwirokwazwo. Chiendai zwenyu kumusha ne zwio zwenyu, muuye no muninyina wenyu kwandiri.

Asi mumw̄e wenyu anogara mutronko kuti madzoka."

7. Dozwa vakaudzana: „Takawanira kuoneskwa namo kudaro, kuti tatadza kuno muninyina wedu Yosefe. Taona kutsamw̄a kwo mw̄ea wake, kana wakatiteterera: isu taramba kuzwinzgwa; dozwa namo iyi yakauyiresu."

8. Vakoma vakafunga kuti Yosefe asingazwinzgwe; asi iye, wakazwinzgwa zwose zwavakareva. Wakaringira shure, achichema misodzi, kuti moyo wake wakada kuvaitira tsitsi. Zwino wakarayidza kuti Simeon asungwe pamberi pameso avo. Wakarayidza vanu vake kuzadza matsaka avo ne zwio; na pakare, kuisa mari mumatsaka avo vose vasingaoneke. Kana zwakaitkwa kudaro, vakatakudza bongoro dzavo, vakadzokera kumusha.

9. Vakaudza baba wavo zwose żwakaitkwa. Asi ivo, kana vakasunungura matsaka avo, onai! mumw̄e oga oga wakanonga mari ake akasungwa pamuromo petsaka rake. Vose vakashama. Asi baba wavo Yakob wati: „Makanditisa kuti ndisina vana. Yosefe aasiri mupenyu; Simeon wakasungwa, na Benyamin munoda kumutora. Mw̄ana wangu aanozoenda zasi nemi, kuti kana namo inomuswikira, munozondivigira ini, ne v̄udzi rangu rave dj̣ena nokutsamw̄a,

Z W I B V̄ U N Z O.

1. Yosefe wakaiteyi mu makore amaguta?
2. Yakob wakatumireyi vana vake kwa Egipte? Diani wakachengetkwa kumusha?
3. Yosefe wakaiteyi kuna vakoma vake?
4. Vakareva seyiko kuti vaziviwe?
5. Vakagara mutronko misi mingani?

Digitized by Google

6. Wakataureyi kunavo zuva rechitatu?
7. Vakoma vakatauraneyi?
8. Yosefe wakaudzeyi kuna vabatidzi vake?
9. Yakob wakachemeyi, kana wakazwinzgwa na vana vake zwakaitkwa?

CHIMEDU 18.

Rgwendo rgwa Benyamin kwa Egipte.

1. Zwino musi wauya, kana zwio zwakatorgwa na vana va Yakob kwa Egipte, zwakapera; nzara ichiramba ichigere. Dozwa Yakob wakati kuna vana vake; „Chiendai pakare kwa Egipte, munouya ne zwokudjga zwishoma."

Yuda wakadavira: „Munu wakatiudza kwazwo, kuti tirege kuzwionesa pamberi pake, tisino muninyina wedu. Regera mukomana aende nesu kuti tirege kupedzgwa. Ini ndinomutsikinura mukomana."

2. Misi yapera, baba wakati kunavo: „Kana muchisungirgwa kudaro, itai zwamunoda. Torai nemi chokutusa munu uyo, na mari ropokutanga, na pakare mari amakananonga mumatsaka enyu. Yave anamasimba ose apfavise munu uyo kunemi, kuti adzorere nemi Simeon waanochengeta, no uyo, Benyamin wangu wadiwa. Mazuva aya ndinotsamŵa, ndisina vana."

3. Kudaro vakaenda zasi kwa Egipte, vakamira pamberi po murayidzi wenyika. Kana Yosefe wakavaona na Benyamin pakati pavo, wakati kuno mubatidzi wake; „Perekedza vanu avo kumba kwangu; vanodjga neni zwakanaka." Mubatidzi wakaterera, wakauya na Simeon kunze kwa vari.

4. Yosefe zwino wakauya kumba kwokudjgira. Vakoma vake vakakotama pamberi pake, vakamupa chokutusa chavo. Yosefe wakavakwazisa no moyo wakanaka, achibvunza:

Digitized by Google

„Baba wenyu anamakore majinji, achiri mupenyu ere? Anobuda zwake ere?"

5. Vakadavira: „Baba wedu ari mupenyu, anobuda zwake." Zwino achiona Benyamin, Yosefe wakabvunza: „Do muninyina wenyu ere? Yave akubenedike, mwana wangu!" Wakakurimidza nokubuda achichema misodzi; kuti moyo wake wakamutskwa kwazwo.

6. Zwino wakapukuta misodzi yake, wakashamba uso wake, wapinda pakare muna vakoma vake, achiti kuno mubatidzi: „Isa chingwa padara." Asi vakoma va Yosefe vakagariskwa na makore avo: dangwe, wechiposhi; gotkwe, wokupedzisa. Vose vakatuskwa; asi Benyamin wakapinda vamwe achipua kashanu. Vakashama kwazwo.

ZWIBVUNZO.

1. Yakob wakaudzeyi kuna vana vake, kana zwio zwakapera? Yuda wakadavireyi?
2. Zwino Yakob wakareveyi kunavo?
3. Yosefe wakareveyi kana akaona Benyamin mukati mavo?
4. Yosefe wakabvunzeyi, kana akapinda kuna vakoma vake?
5. Vakadavireyi?
6. Yosefe wakaudzeyi vabatidzi vake? Vakoma vakagara seyiko padara? Vakapuweyi?

CHIMEDU 19.

Gaba rendarama djena ra Yosefe. — Anozwizivisa kuna vakoma vake.

1. Yosefe wakaitira pachena Benyamin pana vamwe, kundoona kana vakoma vake vakakurira moyo wavo we shanje yakare. Dozwa vapedza kudjga, wakati kuno mubatidzi wake: „Zadza matsaka avo ne zwio, uise mari a mumwe oga oga pamuromo pamatsaka avo; na pakare,

Digitized by Google

isa gaba rangu rendarama djena pamuromo petsaka ro mudiki." Zwakaitkwa kudaro, vakomana vakatanga kufamba rgwendo rgwavo. Zwino uno, kana vabuda kunze kwomusha, Yosefe wakati kuno mutumi: „Tevera vanu, uchiti: Makabireyi gaba ra mambo wangu? Makatadza kwazwo."

2. Mutumi wakavakombera achichema namasimba: „Makadzorireyi zwakaipa kune zwakanaka? Makabireyi gaba?" Vakabatkwa nokudedera, vakadavira: „Diye anoonekwa anegaba, aurayiwe; nesu tinozova vanyai va mambo." Mutumi wakatswaga mumatsaka ose: pokupera wakariona gaba mutsaka ra Benyamin. Zwino vakoma vakabarura anzu dzavo, vadzokera kumusha wa mambo.

Yosefe achimugumbatira Benyamin.

3. Kana vakamira pamberi pa Yosefe, vakazwirigira pasi, vakati: „Ona, tose tiri vanyai vako, mambo!"

4. Yosefe wakadavira: „Yave anoramba; asi, diye wakaba gaba, ave munyai wangu. Imi vamŵe munogona kudzokera zwenyu, makaregergwa, kuna baba wenyu."

5. Zwino Yuda, achisedera kuna Yosefe wakati: „Ndakapika kuchengeta mukomana. Kana tichidzokera kumusha, tisinaye, baba wedu angafe ne shungu. Dozwa ndinozogara panzwimbo pomukomana; ndinozova munyai wako; asi iwe, uregere Benyamin aende kumusha kuna baba wake."

6. Zwino Yosefe aachagona kudzivira moyo wake. Wakachema kwazwo achiti: „Ini ndiri Yosefe! baba wangu

Digitized by Google

achiri na zwino mupenyu ere?" Vakoma vake vakatadza kureva izgwi, vachibatkwa nokuvunduka kwazwo. Yosefe wakati no moyo wakanaka kunavo: „Sederai kuneni: Inindiri Yosefe muninyina wenyu, wamakatengesa kwa Egipte. Regai kuvunduka; Yave wakandituma pamberi penyu kwa Egipte kuti muchengetkwe. Kurumidzai, chiendai kuna baba wangu, muuye naye kuno. Ndichamupa zwokudjga, makore mashanu enzara agere."

7. Zwino achimugumbatira Benyamin, achichema misodzi, wakakwazisa pa muromo vakoma vake, achichema misodzi pano mumwe oga oga. Nezwo vapua moyo wokureva naye.

8. Yosefe wakavapa ngoro, nedzimwe numbi jinji kwazwo. Vachienda, wakavarayidza kurega kuitirana asha.

ZWIBVUNZO.

1. Yosefe wakaitireyi Benyamin pachena pana vamwe? Zwakaitkweyi ne gaba rendarama?
2. Mubatidzi wakachemeyi? Vakadavireyi?
3. Vakareveyi kana vakamira pamberi pa Yosefe?
4. Yosefe wakadavireyi?
5. Zwino Yuda wakataureyi?
6. Zwino Yosefe wakaiteyi, wakareveyi?

CHIMEDU 20.

Rgwendo rgwa Yakob kwa Egipte.

1. Kana vakoma va Yosefe vadzoka kuna baba wavo, vakachema vachiti: „Yosefe, mwana wako, ari mupenyu; ndiye ari murayidzi munyika yose Egipte."

Asi Yakob wakaramba kuvatendera. Zwino vakamutaurira zwose zwakaitkwa, vakamurakidza ngoro dza mambo, ne pfuma. Dozwa wakati namasimba: „Zwinokwana kuneni, kuti Yosefe, mwana wangu, ari mupenyu. Ndinozoenda,

Digitized by Google

ndinozomuona ndisati ndafa. „Dozwa wakatamira kwa Egipte, achitora zwose zwa anazwo.

Yosefe achimugumbatira Yakob, baba wake.

2. Yuda wakaenda pamberi kuudza Yosefe kuti baba wake anosedera. Yosefe wakarongedza ngoro yake ya mambo, wakaenda kuchingura baba wake. Zwino uno, kana akamuona achiuya, wakadjitika pasi kungoro yake, wakamugumbatira, achichema kwazwo no kufara. Yakob wakati kuna Yosefe: „Zwino ndinozofa ndichifara, kuti ndaona uso wako, ndichikusia uchiri mupenyu."

3. Yosefe wakapa baba wake na vakome vake minda munyika Gesen. Do nyika yakanakisa, yakanyanya no uskwa. Iye pakare wakavabvumidza, wakarayidza kuti vapue zwokudjga vose.

4. Kana Yakob akafa, Yosefe wakachema, wakatsamwira baba wake misi mijinji. Yosefe wakagara mupenyu makore zana rine gumi, wakaona vana va vana vake ku rudzi rgwechitatu.

5. Zwino Yosefe wakafa no moyo muchena: vakarongedza muviri wake kuti usingaore, vakamuisa muchikwembe.

Digitized by Google

ZWIBVUNZO.

1. Vakoma va Yosefe vakareveyi kuna baba wavo? Wakavatendera ere?
2. Diani wakaenda pamberi? Diani wakarongedza ngoro yake?
3. Yosefe wakapeyi kuna baba wake, no kuna vakoma vake?
4. Yosefe wakagara pasi misi mingani?

CHIMEDU 21

Kuzwargwa kwa Moses.

1. Rudzi rgwa Yakob rgwakava rujinji jinji mu Egipte. Vakatumidzirgwa va Israelite, kuti Yave wakapa Yakob zita rakanzi Israel. Vakaziviwa pakare ne zita rakanzi va Hebrei.

2. Zwino wamuka mambo mutswa mu Egipte, asingazive Yosefe. Diye wakashusha va Israelite ne basa jinji no kusevenza kwazwo. Mumwe musi Farao wakati kuna va Egipte: „Kandai murukova vana vose vakomana vanozwargwa na va Hebrei.

Kunongwa kwa Moses pakati pe nokwe.

3. Musi uyo zwakaitkwa kuti amai vo rudzi rgwa Hebrei vakazwara mukomana; vachimuona wakanakisa, vakamuvanza mwedzi mitatu. Asi ivo vachitadza kumuchengeta mimwe misi, vakaisa mwana mutskwanda ye tsanga, vachimuisa munokwe mu rukova. Anzwadzi yo mukomana wakamira kure kashoma, kundoona zwineitkwa.

Digitized by Google

4. Asiimi, onai mw̃ana musikana wa Farao wakauya zasi kurukova.

Kana akona tskwanda pakati pe nokwe, wakatuma mumw̃e musikana kuitora.

Wakazarura tskwanda, wakaona mw̃ana wakanakisa achichema, achimutsa tsitsi. Wakaita ne tsitsi no mucheche, achiti: „Maiwe! do mucheche wa va Hebrei."

5. Anzwadzi yo mw̃ana zwino wakauya kunaye, achibv̄unza: „Ndoshevedza ere amai vo rudzi rgwa va Hebrei kundorera mw̃ana?"

6. Mw̃ana wa mambo wakati: „Ongu, enda zwako." No moyo muchena musikana wakaenda wakashevedza amai vake. Kana amai vo mucheche vakauya, mw̃ana wa Farao wakati kunaye: „Tambira mw̃ana uyo, undirere; ndichakupa tusa rako."

7. Kudaro wakatora mw̃ana, wakamurera. Kana akakura, vakauya naye kuno mw̃ana wa mambo, diye wakamutambira so mw̃ana mukomana wake, achiti: „Zita rake diro Moses, kuti ndakamunyura mumvura."

Z W I B V̄ U N Z O.

1. Mazita maviri api akatumidzirgwa vana va Yakob?
2. Mambo mutswa wakaiteyi kuna va Israelite?
3. Diani wakazwara mw̃ana mukomana? Wakaisa tskwanda kupiko?
4. Diani wakauya ku rukova, wakaona tskwanda?
5. Anzwadi yo mw̃ana yakareveyi?
6. Mw̃ana musikana wa mambo wakareveyi kuna amai vo mw̃ana?
7. Diani wakarera mw̃ana, kana akakura? Wakamutumidzira ani?

Digitized by Google

CHIMEDU 22.

Kutiza kwa Moses. Muti uchitswa.

1. Moses wakarergwa mumba ma Farao, wakafundiskwa zwose zwokuziva kwa Egipte. Asi iye, kana akakura, achiona rushamboga rgwa va Israelite, wakasimbisa moyo wake kuvabatidza. Dozwa wakasia imba ya mambo, wakazwirakidza pachena se shamwari wa vanu vo rudzi rgwake. Dozwa Farao wakatswaga kumuuraya; asi Moses watizira kunyika Madian. Munyika iyo waswika kuno mupriste, wakanzi Yetro. Wakagara na Yetro makore makumi mana, achifudza zwipfuo zwake.

Moses pa muti uchitswa.

2. Rimŵe zuva wakanga achiri kutina wai dzake pakati pa marenje. Apo Mambo wakazwionesa kunaye murimi ro moto, ari pakati pomuti. Moses wakaona kuti muti unotswa, usinokupera. Wakaushama, wasedera kundoona kuti muti

Digitized by Google

unoregereyi kupera. Asi Mambo wakachema kunaye: „Rega kusedera kuno. Bisa shangu ku makumbo ako; kuti nzwimbo paunogara pasante. Ndiri Yave wavakuru vako, Yave wa Abraham, na Isak na Yakob."

Moses wakavanza meso ake, achichka kutarisa Yave.

3. Zwino Yave wakati kunaye: „Ndakaona rushamboga rgwa vanu vangu mu Egipte, ndakazwinzgwa kuchema kwavo. Ndinozovanunura mu maoko a va Egipte, ndinozovaendesa munyika Kanaan. Ndinozokutuma kuna Farao, unozoperekedza vanu vangu kunze kwa Egipte. Ndichagara newe.

4. Moses wakadavira; „Va Israelite avanozonditendera. Vanozoti: Mambo aanokuzwionesa kwa uri." Zwino Yave wakati kuna Moses: „Tora shamo yako, uyikandire pasi." Moses wakadaro; shamo yakapinduka, yakave nyoka, kuti Moses watiza nokudedera. Mambo wakati: „Tambanudza ruoko rgwako, uyibate ku muskwe." Moses wakadaro; nyoka yakava pakare shamo. Zwino Mambo wakareva pakare: „Ratidza chifananidzo ichi kuna va Israelite, vachakutendera."

5. Dozwa Moses wakadzokera kwa Egipte; na Aaron muninyina wake, wakatumwa na Yave, wakauya kumuchingura. Vakaenda pamŵe chete kuonganidza vanu va Israel. Aaron wakavataura mazgwi ose a Mambo; Moses achiita chishamiso che shamo ne zwimŵe zwishamiso. Zwino vanu vakatendera, vachikotamira pasi, vakakudza Yave.

Zwibvunzo.

1. Moses wakasiyireyi mumba ma mambo? Diani wakatswaga kumuuraya? Dianiko Yetro?
2. Moses wakatinira wai dzake kupiko rimŵe zuva? Wakaoneyi? Wakazwinzgweyi?
3. Yave wakasuwa kuiteyi no ruoko rgwa Moses?
4. Moses wakada ere kuenda kuna va Israelite? Seyiko? Zwakaitkweyi ne tswimbo yake?
5. Moses wakasangana nani munzira achidzokera kwa Egipte? Vanu vakatendera ere?

Digitized by Google

CHIMEDU 23.

Rushamboga gumi rgwa Egipte.

1. Moses na Aaron vakaenda kuna Farao vakati: „Dozwa anoreva Mambo, Yave wa Israel: Uregere vanu vangu, vabude kunze kwe nyika iyi." Farao achizwikudza wakadavira: „Diani Mambo, kuti nditerere kureva kwake? Andizive Mambo, na pakare andiregere va Israelite kuenda." Dozwa Aaron wakakanda shamo yake pasi, shamo yakapinduka yave nyoka. Asi moyo wa Farao wakaramba uchiri mukukutu.

Moses na Aaron vanopinduka shamo pamberi pa Farao.

2. Yave wakatuma rushamboga gumi kuna Farao no muna Egipte mose, rumŵe runodederesa pano rumŵe.

3. Kachiposhi, mvura yo rukova yakapinduka yakava maropa.

4. Mamŵe mazuva apera, mazura auya; mushure mao, uñyiñyiriri; mushure me uñyiñyiri, nonzi; dzakanyanya kudaro, kuti nyika yose ne dzimba dzose dzakazara nadzo.

Digitized by Google

5. Zwino siki yapedza zwipfuo zwose zwa va Egipte.

6. Akatevera mamota ne muka dzakawzimba, abuda pana vanu ne zwipfuo.

7. Mushure mezwo, chivura-mawe chinodederesa chakachkora miriwo ne miti ne zwose zwakamera mu minda.

8. Zwino bute re wiza dzakauya munyika, dzakapedza zwose zwakasiwa ne chivura-mawe.

9. Chokupedzisira, kwakaita rima kudaro mazuva matatu, kuti va Egipte vatadza kuonana mumwe no mumwe no kufamba. Asi, kwa va Israelite vakagara, kwakanga kuri kuchena.

10. Asi iye Farao wakaitisa moyo wake mukukutu, wakaramba kuti vanu vaende. Zwino Moses wakachkisa Farao no rusbamboga rgwe gumi, wakati: „Usiku umwe chete vadangwe vose va va Egipte vanozofa."

ZWIBVUNZO.

1. Farao wakareveyi kuna Moses na Aaron? Aaron wakaiteyi?
2. Yave wakatumeyi kuna Farao?
3. Dorupi rushamboga rgwe chiposhi?
4. Dorupi rushamboga rgwe chipiri, ne rgwe chitatu ne rgwe china?
5. Zwakaitkweyi mu rushamboga rgwe chishanu?
6. Dorupi rushamboga rgwe chitanatu?
7, 8, 9. Dorupi rushamboga rgwe chinomwe, rgwe chisere, rgwe chi pfumbamwe?
10. Moses wakachkisa Farao seyiko no rushamboga rgwe gumi?

CHIMEDU 24.

Wai ye Paske.

Moses na Aaron vakaonganidza vanu, vakareva kunavo: „Dozwa anoreva Mambo: Zuva regumi rinechina romwedzi uyo, rukunguvira, muri yoga yoga, ibaye wai isinemaka.

Digitized by Google

Murege kuchkora mapfupa ewai. Mutore maropa ayo: nao munozomw̃aia mapango amagoni enyu. Asi nyama ye wai idjgiwe usiku uno pamw̃e chete ne chipapata. Kuti usiku uno angere wangu anozouraya dangwe mumw̃e oga oga wa va Egipte.

Asi, kana ndichiona maropa ewai pamagoni enyu, ndinozopindirira; apana kugomera no kufa mudzimba dzenyu.

Kudjga kwe wai ye Paske.

2. Usiku we zuva regumi rinechina waswika, va Israelite vakaita sa vakarayidzgwa. Pakati pousiku angere wa Mambo wakapfurikidzira Egipte, wakabaya dangwe mumw̃e oga oga kune dangwe wa mambo kune dangwe wo murombe. Kwakamuka kuchema kunodederasa munyika yose ya Egipte, kuti rufu ruri mudzimba dzose. Asi dzimba dza va Israelite dzakaregergwa; kuti magoni akamw̃aiwa na maropa e wai. Zwino mambo, achishevedza Moses na Aaron usiku, wakati: „Chibv̄ai mukati ma vanu vangu, mundibenedike."

Digitized by Google

3. Va Israelite vakakurumidza kumuka ne zwose zwa vanazwo. Moses wakati kunavo: „Zuva iri munozoita musi muvi kuna vana va vana vedu namakore ose."

Maropa ewai ye Paske, do chifananidzo cha maropa a Yesu Kriste.

ZWIBVUNZO.

1. Moses na Aaron wakaudzeyi vanu zuva re gumi rinechina ro mwedzi?
   Zwinonziyi wai ye Paske?
   Vakasungirgwireyi kumwaia magoni namaropa ayo?
2. Diani wakapfurikidzira Egipte pakati pousiku? Zwakaitkweyi no musi uyo?
3. Va Israelite vakaiteyi?

CHIMEDU 25.

Kuyambuka kwemvura uru tswuku.

1. Zwino diye Yave wakaperekedza va Israelite mukufamba kwavo.

Wakavatungamira masikati mu gore refu, usiku murimi ro moto refu. Kudaro vakaswika kumvura uru.

2. Zwino, Farao wakatsutsumwa kuti wakaregera va Israelite kuenda. Dozwa wakavatevera nengoro, na vanu pa mabiza ne pfumo rake rose. Mauro, wakaswika kunavo padigo pemvura uru tswuku. Va Israelite vakabatkwa nokuvunduka kwazwo, vakachema kuna Yave kubatidzgwa,

Asi Moses wakati kunavo: „Regai kuvunduka, Mambo anozorgwiremi."

3. Onai! gore refu rakamuka, rakaburuka pasi pakati pa va Israelite na pa va Egipte. Kuna va Egipte (igore) rakaita usiku utema kwazwo, kuti vakatadza kuona va Israelite. Asi, kuna va Israelite (igore) rakaveneka. Zwino, Yave,

Digitized by Google

Okunyura kwa va Egipte.

achirayidza, Moses wakatambanudza shamo yake pe mvura uru; zwino uno mvura yakakamukana, yakamira so ruswingo parutivi na parutivi. Mepo inodzia yakaomesa pasi, va Israelite vakayambuka mvura uru.

4. Mangwana e rimwe zuva Farao wakatevera va Israelite pakati pemvura uru. Asi zwino kuduruma nokupeñya kwe meni kwakabuda mugore refu, Mambo wakati kuna Moses: „Tambanudza ruoko rgwako pemvura uru!" Moses wakadaro. Onai! mvura yakakamukana pamberi, yakakoromoka pakare na parudjgi na parumoshe, ichikwidibira ngoro, na vanu pa mabiza, ne pfumo rose ra Farao.

5. Kudaro Mambo, ne basa rokushamisa. wakanunura va Israelite mumaoko a va Egipte. Vanu vakavunduka Mambo, vakamutendera Iye na Moses, mutumi wake.

Digitized by Google

ZWIBVUNZO.

1. Yave wakaperekedza seyi va Israelite?
2. Farao wakaiteyi?
3. Gore refu rakaburuka seyi?
   Mvura yakakamukana seyi?
4. Farao ne pfumo rake rakapera seyiko?
5. Vanu vakatendera munani?

CHIMEDU 26.

Zwishamiso zwakaitkwa mumarenje.

1. Vanu va Yave vakayambuka mvura uru tswuku, vakauya kumarenje. Dokwa vakashaya chingwa ne nyama.

Moses achirova ruare; vanu vachinonga „mana."

Digitized by Google

Dozwa vakatanga kuñuñujika no kutsutsumwa. Asi Mambo wakati kunavo: „Mauro munozoone nyama, mangwana chingwa."

2. Onai! mauro shiri jinji jinji dzakauya ku musasa, kuti dzakagutisa vana vose va Israel.

Asi mangwana, marenje akazara ne zwokudjga zwinonakisa, inenge tungwa tudiki. Diyo „mana." Inotapira mukanwa inenge ubvu yakasanganiskwa na manyuchi. Ne chingwa ichi Yave wakagutisa va Israelite makore makumi mana, kuti vakapinda nyika Kanaan.

3. Mumwe musi mushure mezwo va Israeiite vakaswika kune imwe nzwimbo ya marenje. Dokwa vakashaya mvura, na pakare vakatanga kuñuñujikira kuna Moses. Mambo wakati kuna Moses: „Tora shamo yako, enda kugomo Horeb, rova ruare, mvura inozobuda." Moses wakadaro, rukova rgwe mvura rgwakapunzira, kuti vanu ne mombe vakagana kupedza nyota, sa vakada.

ZWIBVUNZO.

1. Vanu vakashayeyi mu marenje?
2. Chiyiko chakauya mauro mu musasa?
   Chiyiko chakawira mangwana?
3. Chiyiko chakaitkwa mauro kana vanu vakashaya mvura?

CHIMEDU 27.

Zwirevo gumi.

1. Mwedzi wechitatu va Israelite vaswika kugomo Sinai. Dokwa vakadzikira matente avo. Moses wakakwira mu gomo. Mambo wakati kunaye: „Enda zasi kuna vanu, uvarayidze kuzwichenesa nasi na wedza, kusuka anzu dzavo, kuti varongedzgwe zuva rechitatu. Kana manzi ichirira, vose

Digitized by Google

vauye kumukwidzi kwe gomo." Moses wakaita sa waka-rayidzgwa na Mambo.

2. Mangwana e zuva ratatu aswika, kwakava kuduruma ne meni. Gore gobvu rakakwidibira gomo rose; utsi, waka-sanganiskwa na marimi omoto, abuda pauzuru. Manzi yarira namasimba kwazwo, pasi pakazunguzika, pakadedera.

Vanu pazasi mubani vakavunduka kwazwo.

Moses anotambira zwirevo zwa Yave pa madara maviri.

3. Moses wakavaperekedza ku mukwidzi kwe gomo: Yave wakareva kunze kwe gore:

I. Ndini Mambo, Yave wako. Usingave na vamwe vayave pamberi pangu; usingazwiitire chifananidzo kundo chipfugamira,

II. Usingashevedze zita ra Mambo, Yave wako, usino-kufunga!

III. Funga zuva re Sabate kuti urichengete rive sante.

IV. Zwikombamire baba n'amai vako, kuti ugare pasi misi mijinji.

Digitized by Google

V. Usingauraye.
VI. Usingaite chounzenza.
VII. Usingabe.
VIII. Usingapikire mumwe na manyepo.
IX. Usingafungidzire mukadzi wo mumwe.
X. Usingafungidzire cha a nacho mumwe.

Zwino vanu vachichka, vakachema: „Tinozoita zwose Mambo zwa akareva."

4. Izwo zwapera, Moses wakaenda pakare kugomo, wakagara uko mazuva makumi mana no usiku makumi mana. Aakadjga chingwa. aakanwa mvura.

Uko Mambo wakamupa madara a matombo maviri; pao ruoko rgwa Yave rgwakanyora zwirevo gumi.

ZWIBVUNZO.

1, Yave wakareveyi kuna Moses, kana vanu vakaswika kugomo Sinai?
2. Zwakaitkweyi mangwana e zuva rechitatu?
3. Reva zwirevo gumi.
4. Moses wakagara mazuva mangani mugomo?

CHIMEDU 28.

Va Israelite munyika yakapikirgwa. Rudzi rgwa vanu vasingatendere.

1. Makore makumi mana apera, va Israelite vakapinda, mu nyika Kanaan. Pano vakagara, vakavaka misha mikuru ne midiki. Musha mukuru wavo wakanga uri Yerusaleme. Salomon, mumwe mambo wavo, wakavaka imba ya Yave yakanakisa uko. Mune iyo yakanga ine nzwimbo isante, ne chisante che zwisante. Mune nzwimbo isante, vapriste vakateurira zwiteuriro zwavo.

Digitized by Google

Mune chisante che zwisante mupriste mukuru oga wakapinda kamw̃e chete makore ose.

2. Mushure mezwo va Israelite wakatumidzirgwa pakare va Yudei. Vanu avo voga vakatendera Yave mumw̃e chete wazwokwadi.

Rumw̃e rudzi rgwose rgwakanga ruri vasingatendere, kana vachipfugamira zwisirizwo. Vakakudza vayave vasirivo, vakagara vachitadza kwazwo. Vakaita no moyo mutema kwazwo.

3. Va Yudei vakatendera Yave, vakamirira kuswika kwo Mununuri.

Asi vashoma chete panavo vakachengeta zwirevo. Vamw̃e avakav̄unduke Yave; vakapara matadzo makuru no kuipa kujinji. Kudaro misi yapinda. Ne misi, pasi pazere no kuipa, no rutadzo, no rushamboga.

4. Vanu vagere vasinokubatidzgwa, vasingazive zwokuvaponesa. Zwino Yave wakavaitira tsitsi, wakatuma Mw̃ana Mukomana wake mumw̃e chete kudenga kundonunura vanu vose.

Z WIB V̄ UNZO.

1. Va Israelite vakavakeyi munyika yakapikwa?
2. Dechipi chitendere cha va Yudei kare? Dechipi chitendere cho rudzi rgwa vasingatendere?
3. Va Yudei vose ere vakachengeta zwirevo?
4. Yave wakatumani, kana pakanga pasinomunu kundovabatidza?

Digitized by Google

II.

Chikovero che chipiri.

Testamente idzwa.

CHIMEDU 1.

Kuzwargwa kwa Yoannes Bapatista kunozoparidzgwa.

1. Mambo Herodes achibvunza nyika; wakagara mu makoma a Yudea mupriste, wakanzi Zakaria. Zita ro mukadzi wake rakanzi Elizabeta. Vakanga vari vaviri vakanaka, vachichengeta no moyo kwavo zwirevo zwose zwa Yave. Vakanga vasina vana, vakapinda uarawa na makore avo.

2. Rimwe zuva Zakaria wakasungirgwa kuita basa ro mupriste. Wakapinda mumba ma Yave, wakamira pamberi pe altare no moto musante. Vanu vakanga vachiri kunamata kunze kwe nzwimbo isante. Zwino uno Zakaria wakaona angere achimira parutivi pe altare. Zakaria wakavunduka.

Asi angere wakati kunaye: „Rega kuvunduka, Zakaria! Chinamato chako chinonzwgikwa; mukadzi wako Elizabeta anozokuberekera mwana mukomana; unozomutumidzira zita rake Yoannes. Unozofara no moyo muchena; kuti achava mukuru pamberi pa Mambo. Anorega kunwa waini ne

Digitized by Google

Zakaria na angere.

zwinobata. Achazadzgwa no Mŵea Musante, asatiazwargwa; achapindura vana vajinji va Israel kuna Mambo Yave wavo. Anozoenda pamberi pake kundorongedzera Mambo vanu vasine maka." Angere zwino wakaverera, Zakaria wakadzokera ku musha.

Z WIB V̄UNZO.

1. Zwinotaurgweyi zwa Zakaria na Elizabeta?
2. Zakaria wakaiteyi mumba ma Yave?
3, Diani wakazwionesa kwa ari?
4. Angere wakareveyi?

Digitized by Google

CHIMEDU 2.

Angere Gabriele anoparidza kuzwargwa kwa Kriste.

1 Mw̃edzi mitanatu mushure mezwo, angere Gabriele wakatumwa kwa Nazaret kuna virigo, zita rake rakanzi Maria; wakarorgwa no munu, wakanzi Yosefe.

Angere wakauya kuna Maria, wakati: „Kaziwa Maria! uzere grasia, Mambo anewe; unonamatkwa kuvakadzi."

Angere Gabriele anoparidzá kuna Maria.

2. Kana Maria wakazwinzgwa mazgwi aya, wakarowa ne ana. Asi angere wakati kunaye: „Rega kuv̄unduka, Maria! kuti wakaona kudiwa na Yave; unozova no mw̃ana mukomana, unozomutumidzira zita rake Yesu. Anozova mukuru, achitumidzirgwa Mw̃ana Mukomana wo Mukuru kwazwo."

Maria wakati kuna angere: „Zwineitkwa seyiko izwi?"

3. Angere wakadavira: „Mw̃ea Musante anozouya panewe, masimba o Mukuru kwazwo anozoburuka munewe. Ona! mukoma wako Elizabeta, naye pakare anemimba yo mw̃ana mukomana, achiri muchembere, kuti pana Yave apana chisingaitike."

4. Maria wakadavira: „Ona, ndiri musikana wa Mambo; zwiitkwe kuneni sokureva kwako." Zwino angere wakamusia.

5. Mushure mezwo, angere wakazwionesa kuna Yosefe, wakati kunaye: „Yosefe, rega kuchka kutora kunewe Maria,

Digitized by Google

so mukadzi wako. Mŵea Musante wakaburuka munaye, anozobereka mŵana mukomana. Unozomutumidzira zita rake Yesu, kuti achanunura vanu vake matadzo avo."

ZWIBVUNZO.

1. Angere Gabriele wakatumwa kuna virigo ani?
2. Angere wakareveyi, kana Maria wakarowa ne ana?
3. Angere wakareveyi zwa Mŵea Musante, ne zwa Elizabeta?
4. Maria wakadavireyi?
5. Angere wakareveyi kuna Yosefe?

CHIMEDU 3.

Maria anotara mukoma wake Elizabeta.

1. Maria wakamuka mazuva aya, wakakurumidza kuenda kunyika ya makomo kundotara mukoma wake Elizabeta. Zwino uno kana Maria wapinda mumba, Elizabeta, azere no Mŵea Musante, wakachema namasimba: „Unonamatkwa kuvakadzi, na mŵana we mimba yako anonamatkwa. Zwineitirgweyi kuneni izwi, kuti amai va Mambo, vakauya kwandiri!"

2. Dozwa Maria wakareva namasimba: „Mŵea wangu unokudza Mambo, nenjere dzangu dzinofara muna Yave Mununuri wangu. Kuti wakaringisa zasi kuno udiki wo musikana wako: Ona! Zwino na makore ose vanu vo rudzi rgwose vanozondi-

Maria anotara mukoma wake Elizabeta.

Digitized by Google

midzira: Mufari." Maria wakagara, inenge mw̄edzi mitatu na Elizabeta; dokubv̄a adzokera kumusha.

3. Elizabeta wakazwara mw̄ana mukomana, sa angere wakafembera. Zakaria na Elizabeta vakaita no moyo muchena, vakamutumidzira zita ra mw̄ana Joannes, sa angere Gabriele wakarayidza. Asi mukomana wakakura, wakasimbiskwa mw̄ea. Wakaenda kunyika mu marenje wakagara uko kuti ashevedzgwe kuzwiparidza kuna Israel.

ZWIBV̄UNZO.

1. Maria wakaenda kupi mazuva aya?
2. Maria wakadavireyi na masimba?
3. Zakaria na Elizabeta vakaitireyi no moyo muchena? Yoannes wakagara kupiko?

CHIMEDU 4.

Kuzwargwa kwa Yesu Kriste.

1. Mazuva aya chirevo chakaburidzgwa na Augusto, mambo wa Roma, chichirayidza, kuti vanu vose vo ushe wake vaverengwe. Dozwa vose vakaenda kundonyorgwa mu musha wa vakuru vavo.

2. Yosefe na Maria vakaenda kwa Betlehem, kumusha wa David, zwa vakabv̄a kurudzi rgwa David. Asi vakashaya pokugara mudzimba. Dozwa vakasia mūsha, vakaona pokugara mudanga. Uko, mune danga iro rakaipa, Yesu Kriste, Mw̄ana Mukomana wa Yave, wakazwargwa. Maria wakapombera Mw̄ana mumachira okuiskwa vacheche, wakamuisa mu chikwembe che mombe.

ZWIBV̄UNZO.

1. De chipi chirevo chakaburidzgwa?
2. Yosefe na Maria vakaendireyi kwa Betlehem? Vakasiyireyi musha? Mununuri wazwargwa kupiko?

Digitized by Google

ĊHIMEDU 5.

Angere anoparidza ku vafudzi kuzwargwa kwa Kriste.

1. Usiku uno vamŵe vafudzi vakagaririra zwipfuo zwavo. Zwino uno angere wa Mambo wakazwionesa kunavo, achiti: „Regai kuchka. Ndinouya kunemi na matama akanaka okufara kukuru. Usiku uno wazwargwiremi, mu musha wa David, Mununuri, ari Kriste Mambo. Domucherechedzo kunemi: Munozoona mucheche wakamonergwa mu machira, achirinda mu chikwembe che mombe."

Kupfugamira kwa vafudzi.

2. Zwino uno vakagara pana angere vamŵe vaangere vajinji vo kudenga. Vakakudza Mambo, vachiombera: „Atunidzgwe Yave kuzuru, na pasi vagarike vanu vano moyo wakanaka." Zwino vaangere vakadzokera kudenga, vafudzi

Digitized by Google

vakaudzana: „Atiende kwa Betlehem, tione zwa Mambo wakatiudza."

3. Vakakurumidza vachienda, vakaona Maria na Yosefe no mucheche achirinda mu chikwembe che mombe. Zwino vakapfugamira Mŵana, vadzokera kumusha, vachikudza, vachitunidza Yave. Mazuva masere apera, mŵana wakachekergwa Yave, zita rake rakanzi Yesu, sa angere wakarayidza.

ZWIBVUNZO.

1. Davanani vakagaririra usiku uwo?
2. Davanani vakagara zwino uno na angere?
   Vafudzi vakareveyi kana vaangere vakadzokera kudenga?
3. Vakaonani?
   Zwakaitkweyi mazuva masere apera?

CHIMÉDU 6.

Kupfugamira kwa Vazivi vatatu vachibva kwa zuva rinobuda.

1. Kana Yesu wakazwargwa kwa Betlehem, vazivi vatatu, (kana vamambo), vakabva kwa zuva rinobuda, vakaswika kwa Yerusaleme. Vabvunza: „Aripi Mambo wa va Yudei wakazwargwa zwino? Takaona nyenyedzi yake kwe zuva rinobuda; tauya kumupfugamira." Zwino Herodes, mambo, achizwinzgwa izwi, wakarowa ne ana. Wakaonganidza vazivi vakuru vose, wakavabvunza: „Kriste achiri kuzwargwa kupiko?" Vakati: „Kwa Betlehem, mu Yudea."

2. Zwino Herodes wakatuma vazivi vatatu kwa Betlehem, wakati kunavo: „Endai, mutswage kwazwo mŵana; kana makamuona, ndiudzei pakare, kuti neni ndiende kundomupfugamira."

Digitized by Google

Kupfugamira kwa vamambo.

3. Vamambo, zwino uno, vakaenda kwa Betlehem. Onai! nyenyedzi yakafamba pamberi pavo kuti yamira pauzuru penzwimbo paagere mw̄ana. Kana vakaona nyenyedzi, vakafara. Vakapinda, vakaona Yesu na Maria, amai vake. Vakakotamira pasi vakapfugamira Mw̄ana. Pakare vakamuteurira pfuma indarama, ne nsense, ne mirha.

4. Usiku Yave wakarayidza vamambo, varege kudzokera kuna Herodes. Dozwa vakadzokera ne imw̄e nzira kumusha kwavo.

Zwibv̄unzo.

1. Davanani vakabv̄a kwa zuva rinobuda kwa Yerusaleme?
2. Zwino Herodes wakareveyi kuna vazivi vatatu?
3. Vamambo vakaiteyi, kana vakapinda mumba?
4. Yave wakarayidza seyiko vamambo?

Digitized by Google

CHIMEDU 7.

Yesu anotambidzgwa mumba ma Yave.

1. Kana Yesu wakanga ana mazuva makumi mana, Maria na Yosefe vakaenda naye kwa Yerusaleme kumutambidza kuna Mambo. Vakatakura navo njiva mbiri ndiki (dunzwi no mukono); dicho chiteuriro chavakasungirgwa kuita varombe kwazwo.

2. Wakagara mu Yerusaleme musi uyu munu musante kwazwo, wakanzi Simeon. Wakasuwa kuswika kwa Mesia. Achiperekedzgwa no Mŵea Musante, Simeon wakauya kumba kwa Yave mu musi, kana Maria na Yosefe vakauya no mŵana Yesu.

Wakamugumbata mu maoko make, wakatenda Yave, wakati: „Zwino ndinogona kufa ndichigarika, kuti maziso angu akaona Mununuri."

3. Wakagara pakare mu Yerusaleme chirikadzi, ana makore makumi masere na mana. Zita rake rakanzi Anna. Wakaitira Yave, wakanamata, achizwinyima zwokudjga masikati no usiku. Naye pakare wakapinda musi uyo, achikudza Mambo, achitaura Yesu kuna vose vachirikumirira Mununuri.

ZWIBVUNZO.

1. Zwakaitkweyi kana Yesu akava na mazuva makumi mana?
2. Diani Simeon? Wakaiteyi? Chirikadzi ipi yakagara pakare mu Yerusaleme? Yakaiteyi?

CHIMEDU 8.

Kutiza kwa Egipte.

1. Mimŵe misi yapera, angere wa Mambo wakazwionesa kuna Yosefe, achiti: „Simuka, tora mŵana n'amai vake,

Digitized by Google

utize kwa Egipte. Garai uko kuti ndikuudzei. Herodes achatswaga mŵana kundomuuraya." Yosefe wasimuka, watora mŵana n'amai vake, waenda kwa Egipte.

2. Herodes wakanga achirikumirira kudzokera kwa vazivi. Musi wapera vasinokuuya, (Herodes) wakava ne asha kwazwo. Wakarayidza kuti vana vakomana vose mu Betlehem ne misha iri padjgo, vane makore maviri na vasina vaurayiwe. Kudaro zwakaitkwa.

Musi uyo kwakamuka kuchema kwazwo, na vadzimai varamba kukungurgwa.

3. Mamŵe makore apera, Herodes wakafa no rufu rgwakadederesa. Musi uyo angere wa Mambo wakazwionesa kuna Yosefe mu Egipte, wakati kunaye: „Simuka, tora mŵana n'amai vake. enda kunyika kwa Israel." Yosefe wakamuka, wakatora mŵana n'amai vake, wakaenda kunyika kwa Israel. Wakadzokera kwa Galilea, achigara mu Nazaret.

ZWIBVŪNZO.

1. Diani wakazwionesa kuna Yosefe, misi mishoma yapera?
2. Herodes wakamirireyi?
   Wakarayidzeyi?
3. Diani wakazwionesa kuna Yosefe kana Herodes wakafa?

CHIMEDU 9.

Mŵana Yesu anogara mazuva matatu mumba ma Yave.

1. Kana Yesu wakanga ana makore gumi rina maviri. wakaenda n'amai na baba wake kwa Yerusaleme. Mazuva masante e Paske apera, Maria na Yosefe vakadzokera kumusha. Asi Yesu wakagara mu Yerusaleme, baba n'amai vasinokuziva. Vakafamba zuva rimŵe chete; zwino vatswaga Yesu pana ama dzavo na vamŵe vomusha wavo. Vachitadza

Digitized by Google

kumuona, vadzokera kwa Yerusaleme. Vatsamŵa, vachikungudzika kwazwo.

Yesu pakati pa vazivi.

2. Vatswaga mazuva matatu, vakamuona mumba ma Yave. Wakanga achigara pakati pa vazivi, achivaterera, achivabvunza zwibvunzo. Vose vachimuzwinzgwa, vakashamiskwa nenjere dzake ne zwibvunzo zwake.

3. Amai vake vakati kunaye: „Mŵana, wakaitireyi izwi kunesu? Ona, baba wako neni takakutswaga tichitsamŵa." Yesu wakadavira: „Makanditswagireyi? Amakaziva ere kuti ndinosungirgwa kuita zwa Baba wangu?"

4. Wakamuka, wakadzokera kumusha na baba n'ami kwa Nazaret; wakavaterera. Wakakura nenjere ne grasia pana Yave na vanu. Wakagara na baba n'amai vake kwa Nazaret, kuti uswike musi wokubuda kundofundisa vanu.

ZWIBVUNZO.

1. Zwakaitkweyi kana Yesu akava namakore gumi rina maviri?
2. Maria na Yosefe vakamuona kupi?
3. Amai vake vakareveyi kwaari?
4. Wakaendepi navo?

Digitized by Google

CHIMEDU 10.

Yoannes Bapatista, mutungamiri wa Yesu, anofundisa, anobapatisa.

1. Zwino musi wakanga wosedera, kuti Yesu azwiparidze kuna vanu. Musi uyo Yoannes wakatanga kufundisa no kubapatisa munyika padjgo po rukova Yordane. Wakati: „Muzwirangei, kuti ushe wa Yave wava padjgo."

2. Yoannes wakapfeka anzu ya makushe a makamere, wakazwisunga ne bandi re ganda muchiuno make. Kudjga kwake kuri uchi omusango ne wiza. Vanu va Yerusaleme ne venyika yose ya Yudea, vakauya kurukova kuna Yoannes. Vakabapatiskwa, vakatenda matadzo avo.

Yoannes Bapatista anofundisa vanu.

3. Zwino, vanu vajinji vakafunga kuti diye Mununuri wakapikwa. Dozwa Yoannes wakati: „Andisiri Kriste; asi mushure mangu achauya Iye anamasimba paneni. Ini, ndinobapatisa nemvura; asi, Iye achabapatisa no Mŵea Musante,

ZWIBVUNZO.

1. Yoannes wakatanga kufundisa riniko?
2. Yoannes wakapfekeyi?
   Vanu vo kwa Yerusaleme vakaiteyi?
3. Vanu vajinji vakafunga Yoannes dianiko?

Digitized by Google

CHIMEDU 11.

Jesu anobapatiskwa na Yoannes.

1. Musi uyo Yesu wakauya achibva kwa Nazaret kurukova Yordane, kuti abapatiskwe na Yoannes.

Yesu anobapatiskwa na Yoannes.

Pokutanga Yoannes wakaramba kumubapatisa; asi wakati: „Ndini ndinoshaya kubapatiskwa newe, unouyireyi kwandiri?" Asi Yesu wakati kunaye: „Uregere kuti zwino zwiitkwe kudaro; dokuda kwa Yave." Zwino Yoannes wakaita zwa akarayidzgwa.

2. Kana Yesu wakabapatiskwa, wakabuda kunze kwemvura kundonamata. Onai! denga rakazarurgwa, Mwea Musante wakaburuka munaye muchifananidzo che njiva. Na pakare, izgwi rakabva kudenga, rakanzwgika, richiti: „Do Mwana wangu wadiwa, munaye ndinofara kwazwo."

ZWIBVUNZO.

1. Yoannes wakareveyi, kana Yesu wakachemera kubapatiskwa?
2. Chiyiko chakaitkwa, kana Yesu wakabapatiskwa?

CHIMEDU 12.

Yesu aneita basa rokushamisa rechiposhi pokusanganiskwa mu matrimonio kwa Kana.

1. Kana Yesu wakava na makore makumi matatu, wakatanga kufundisa pachena nokuita zwishamiso. Na pakare wakaonganidza vafundi panaye. Pana vafundi wakasarudza gumi na vaviri, wakavatumidzira vaapostore.

Digitized by Google

2. Yesu wakaita basa rake rokushamisa rechiposhi kwa Kana, musha mudiki wa Galilea. Dokwa vakasanganiskwa mu matrimonio murume no mukadzi, Maria wakanga ariko. Yesu na vafundi vake vakagara pakare na vanu vakauya.

Yesu anopindura mvura yave waini.

3. Kana Maria wakaona kuti waini iri mukupera, wakati kuna Yesu: „Avane waini." Yesu wakadavira: „Musi wangu awati waswika." Asi Maria wakati kuna vabatidzi: „Zwose zwa anozokuudzai, muite."

4. Zwiri mumba zwirongo zwa matombo zwitanatu, chimŵe choga choga chinodjga zwimedu zwiviri kana zwitatu. Yesu wakati kuna vabatidzi: „Zadzai zwirongo nemvura." Vakazwizadza na pamuromo. Zwino Yesu wakati kunavo: „Tekai zwino, muitambidze kuno mubatidzi mukuru." Vakaitakura.

5. Mubatidzi mukuru wakaravira mvura yakapindurgwa yakave waini.

Asi iye, aanokuziva kwa yabva waini. Dozwa wakashe-

Digitized by Google

vedza munu wakasanganiskwa, wakati kunaye: „Munu oga oga anotanga kutambidza waini yakanaka, anopedza ne waini yakaipa; asi iwe wakachengeta waini yakanaka kuno zwino."

6. Yesu wakaita chishamiso chake chechiposhi kwa Kana mu Galilea, amai vake vasante vachibvunza. Vafundi vake vachiona masimba ake a Yave, vakamutendera.

ZWIBVUNZO.

1. Yesu wakaiteyi kana akanga ave na makore makumi matatu?
2. Wakaita chishamiso chake chechiposhi kupiko?
3. Maria wakareveyi kuna Yesu?
4. Zwirongo zwingani zwakanga zwiripo? Yesu wakareveyi kuna vabatidzi?
5. Mubatidzi mukuru wakareveyi?
6. Vafundi vake vakamutendereyi?

CHIMEDU 13.

Yesu anofundisa vanu, anoponesa vargwere.

1. Zuva re Sabate Yesu wakafundisa mumba mo kunamata kwa Kafarnao. Kumba kwo kunamata wakaenda kumba ya Simone Petre na Andrea, muninyina wake. Vambuya va Petre vakargwadziwa nokurgwara kunouraya, vakabvunza Mambo kundovarapa. Yesu wakasedera ku mubeda wavo, wakavabata no ruoko, wakarayidza kurgwara. Zwino uno vakamuka vakaponeskwa kurgwara, vakavapereka zwokudiga kuna Yesu na vafundi vake.

2. Zuva radoka, vargwere na vakaremara vo musha wose vakatakurgwa kuna Yesu. Wakaisa ruoko rgwake kuno mumwe oga oga pa navo, wakavaponesa.

Digitized by Google

Yesu anoponesa vargwere.

3. Yesu wakafamba mu nyika yose ya Galilea, wakafundisa. Wakati kuna vanu: „Muzwirange, mutendere matama a Yave." Vose avo vakanga vachiri kurgwadziwa no kurgwara kana no kuremara, vakatakurgwa kunaye, vakaponeskwa vose.

ZWIBVUNZO.

1. Diani wakargwadziwa kumba kwa Petre na Andrea?
2. Kriste wakaiteyi zuva radoka?
3. Yesu wakafundiseyi mu Galilea?

CHIMEDU 14.

Yesu anomutsa muvafi mŵana mukomana wo muchembere wo kwa Naim.

1. Zwakaitkwa rimŵe zuva, kuti Yesu wakaenda kumusha kwakanzi Naim. Vakaenda naye vafundi vake ne dumbu

Digitized by Google

guru ra vanu. Kana wakaswika padjgo pomusuo guru ro musha, onai! chituna cho munu chakatakurgwa kunze, do mwana mukomana mumwe chete wo muchembere. Amai zwavo, vachitsamwa kwazwo vakatevera chituna, na vanu vajinji vomusha vakaenda naye.

Yesu anomutsa muvafi mukomana wo kwa Naim.

2. Yesu, achiona amai vakafirgwa no mwana, wakamutskwå ne tsitsi kunavo, wakati: „Rega kuchema!" Zwino wakasimutsa ruoko kuti vachiri kutakura, vamire; achisedera wakaisa ruoko pachituna, achiti: „Tswimborume, ndinokuudza, muka." Zwino diye wakafa, wakamuka, wakatanga kureva. Yesu wakamupa kuna amai vake.

3. Vose avo vakaona chishamiso ichi chikuru, vabatkwa nokuvunduka.

Vakakudza Yave. vachiti: „Muprofeta mukuru wakamuka panesu, Yave wakauya kundotara vanu vake."

Digitized by Google

ZWIBVUNZO.

1. Yesu wakasangana nani pa musuo guru ro musha Naim?
2. Yesu wakareveyi kuna amai?
   Wakareveyi kuno munu wakafa?
3. Vanu vakareveyi?

CHIMEDU 15.

Yesu anomisa masimba e mvura uru.

1, Yesu mumwe musi wakaenda kumvura uru kwa Genesaret. Matumbu makuru a vanu akamutevera. Yesu wakapinda muigwa kundorigara; vanu vachigara pamiri. Wakavafundisa muigwa.

2. Kana usiku waswika, Yesu wakati kuna vafundi vake; „Atiyambuke kune imwe miri." Dozwa, vachibatidzgwa ne mepo mumachira, vakafamba pa mvura uru, Yesu achigara muigwa. Asi Iye wakarukutika, wakaneta, wakatanga kukotsira.



Yesu anomisa masimba e mvura uru.

3. Onai! magodo makuru akamuka mumvura uru, igwa diki rakazunguzika, rakadjeka nemvura. Asi Yesu

Digitized by Google

wakakotsira. Vafundi vakaenda kunaye, vakamumutsa, vachiti: „Mambo, tinunure, topera."

4. Yesu wakamuka, achiti kunavo: „Munovundukireyi? Andigare nemi ere?" Zwino, achisimuka, wakarayidza mepo irege, mvura uru inyararise. Onai! Zwose zwakanyarara. Dozwa vanu vose vakashama, vachiti: „Diani uyo? Kuti ne mepo ne mvura uru zwinomuterera."

ZWIBVUNZO.

1. Yesu wakagara kupiko achifundisa vanu?
2. Wakareveyi kuna vafundi vake?
3. Chakaitkweyi no musi uyo?
4. Yesu wakareveyi, wakaiteyi? Vanu vakareveyi?

CHIMEDU 16.

Yesu anogutisa mazana makumi mashanu ne zwingwa zwishanu.

1. Mumwe musi Yesu wakayambuka mvura uru, wakazwivanza mu marenje. Asi no uko matumbu a vanu akamutevera. Yesu wakaita tsitsi kunavo, vakafundisa, vakaponesa vargwere vakatakurgwa kunaye.

2. Zwino mauro akaswika, vaapostore vakati kuna Yesu: „Tuma vanu kuti vaende kumisha iri padjgo, vatenge zwokudjga."

3. Yesu wakabvunza: „Munezwingwa zwingani?" Andrea wakadavira: „Mukomana ari pano anezwingwa zwishanu ne ove mbiri. Asi iwe, chiyi icho kuna vanu vajinji vakadaro!" Yesu wakati: „Uyai kwandiri ne zwingwa ne ove, mugarise vanu mu uskwa."

4. Kana vanu vakagara pasi, vari vanu mazana makum

Digitized by Google

Yesu anobenedika zwingwa.

mashanu, na pakare vakadzi na vana. Zwino Yesu wakabata zwingwa zwishanu ne ove mbiri, achiringisa kudenga, wakazwinamatira, wakamedura zwingwa, wakazwipa kuna vaapostore kuti vagovere vanu. Ove dzakagovergwa kudaro. Zwino vanu vose vakadjga, vakaguta.

5. Kana matumbu a vanu akapedza kudjga, Yesu wakati kuna vafundi vake: „Onganidzai zwimedu zwe zwingwa zwinosara, kuti zwirege kurasikwa." Vafundi vakaonganidza zwimedu zwakasara, muzwingwa zwishanu ne ove mbiri. Zwakakwana kuzadza tskwanda gumi nembiri. Vanu, vachiona chishamiso ichi, vakachema: „Chokwadi, diye muprofeta wakanga achiri kuuya pasi."

Zwibvunzo.

1. Davanani vakatevera Yesu kumarenje?
2. Mauro vaapostore vakareveyi?
3. Yesu wakabvunzeyi?

Digitized by Google

4. Vanu vangani vakanga varipo?
   Yesu wakaiteyi ne zwingwa ne ove?
5. Davanani vakaonganidza zwakasara?
   Vanu vakachemeyi?

CHIMEDU 17.

Yesu anofundisa vafundi vake kunamata.

1. Rimw̄e zuva, kana Yesu wakanga anamata, mumw̄e wa vafundi vake wakauya kunaye achiti: „Mambo tifundise kunamata."

2. Yesu wakati kunavo: „Kana muchinamata, munoti: Baba wedu urikudenga, zita rako rinamatkwe, ushe wako uswike, kuda kwako kuitkwe pasi so kudenga. Tipe nasi kudiga kwedu kwezuva, utinunure mirandu yedu, sa nesu tinovanunura vanotiparire mirandu; usingatiendese kune chinotitea, utinunure kune zwakaipa."

3. Zwino wakati kuna vafundi vake: „Bv̄unzai, munozopua; tswagai, munozononga; gogodzai, munozozarurirgwa. Kuti mumw̄e oga oga achibv̄unza, anozopua; achitswaga, anozononga; achigogodza, anozozarurirgwa."

ZWIBV̄UNZO.

1. Mumw̄e wa vafundi wakareveyi rimw̄e zuva kuna Yesu?
2. Reva „Baba wedu."
3. Yesu wakareveyi pakare zwokunamata?

CHIMEDU 18.

Yesu anotaura rungano rgwa Mupfumi na Lazaro.

1, Vakanga vachiri pakare vanu vanogarira mari chete, pakati pa vanu vachiterera Yesu. Wakati kunavo: „Wakanga ari munu wakapfuma, wakanzi Mupfumi. Wakapfekeskwa

Digitized by Google

na machira matswuku akanaka, wakakoka ama dzake vachiguta ne zwose zwinonaka mazuva ose. Wakanga ari munu murombe wakanzi Lazaro. Wakarinda pamusuo po mupfumi, azere ne mezi.

Wamboda kunyaradza nzara yake ne zwinodonedzgwa padara po mupfumi, asi apana wakazwipa kunaye. Imboga dzauya, dzakananzwa mezi dzake.

Mupfumi na Lazaro.

2. Zwino zwakaitkwa kuti murombe wakafa, wakatakurgwa na vaangere kudenga pana Abraham. Mupfumi pakare wakafa, diye wakavigwa kuninga yo moto. Achisimutsa maziso ake, kana wakanga achirimukurgwadziwa kwazwo, wakaona Abraham kure, na Lazaro pachipfuva chake.

3. Zwino wakachema: „Baba Abraham, undiitire ne tsitsi,

Digitized by Google

utume Lazaro, kuti anyurise muno yo munwe wake mumvura, kutonoresa rurimi rgwangu, zwandinorgwadziwa kwazwo murimi ro moto uyo."

4. Abraham wakati kunaye: „Yeuka kuti wakapua zwinonaka uchirimupenyu; asi Lazaro (wapua) zwakaipa. Zwino iye anofara, ndiwe unorgwadziwa kwazwo. Nezwo zwose, pakati panesu newe, riri goronga guru, kuti apana anogona kuyambuka kunewe."

ZWIBVUNZO.

1. Taura rungano rgwa Mupfumi na Lazaro?
2. Chiyiko chakaitkwa kuna Lazaro kana wakafa, chiyiko kuno Mupfumi?
3. Mupfumi wakabvunzeyi kuna Abraham?
4. Abraham wakadavireyi?

CHIMEDU 19.

Yesu anobenedika vana vadiki.

Yesu anobenedika vana vadiki,

Digitized by Google

1. Mumŵe musi vamŵe vakadzi vakanaka vakauya na vana vavo kuna Yesu, kuti aisire maoko ake panavo, avabenedike. Asi vaapostore avanokuda izwi. Vakaramba vadiki vasedere kuno Mununuri. Vatanga kutuka vadzimai, vakavatanda na vana vavo.

2. Asi Yesu wakati kuna vafundi vake: „Regerai vana vadiki vauye kwandiri, musingavarambidze; kuti dowavo ushe wedenga."

3. Zwino Yesu wakashevedza vana, wakavagumbatira pa maoko ake, achiisira chanza chake panavo, achivabenedika.

ZWIBVUNZO.

1. Mumŵe musi vakaiteyi vamŵe vakadzi vakanaka?
2. Yesu wakataureyi kuna vafundi vake?
3. Yesu wakaiteyi?

CHIMEDU 20

Yesu anomutsa Lazaro muvafi.

1. Vakagara mu Betania, padjgo pa Yerusaleme, vasikana vaviri; mukoma no muninyina, vakanzi Maria na Marta. Vane anzwadzi imŵe chete, zita rake rakanzi Lazaro.

Zwino uno, wakatanga kurgwadziwa kwazwo; anzwadzi dzake dzakatuma kuna Yesu, dzichiti: „Mambo, ndiye waunoda, anorgwadziwa." Yesu wakagara mazuva maviri kwa akanga ari. Zuva rechitatu wakati kuna vafundi vake; „Lazaro wakafa. Ndichaenda kundomumutsa muvafi."

2. Kana Yesu wakaswika, Lazaro wakavigwa mazuva mana. Marta wakabuda kundochingura Yesu, wakati: „Mambo, kana wakanga uchiri pano, anzwadzi yangu asinokufa." Yesu wakati kunaye: „Anzwadzi yako anozomuka

Digitized by Google

pakare." Marta wakadavira: „Ndinoziva kuti achamuka pakare mu guva zuva remedziso."

3. Yesu wakati kunaye: „Ini ndiri mumutsi no rupenyu. Diye anonditendera, kana wakafa, anozova mupenyu. Unotendera izwi ere?" Wakadavira: „Mambo ndinotendera kuti uri Kriste, Mwana Mukomana wa Yave mupenyu, wakauya pasi pano."

Yesu anomutsa Lazaro muvafi.

4. Zwino Marta wakaenda kundodayidza muninyina wake Maria Magdalena, achiti: „Mambo wauya, anokushevedza." Maria wakamuka achikurumidza, wakaenda kuna Yesu. Wakakombama pe tsoka dzake, achiti: „Mambo, kana wakanga uripano, anzwadzi yangu asinokufa." Maria wakatanga kuchema misodzi. na vashamwari vose, vakauya naye, vakava ne tsitsi. Yesu wakabvunza: „Makamuisa kupiko?" Vakati: „Uya kuzoona." Yesu wakachema misodzi. Va Yudei vachione izwi, vakachema vachiti: „Onai! kumuda kwa akamuita."

Digitized by Google

5. Guva rakachekwa muruare, rakadzivirgwa ne dombo. Yesu, kana akauya kuguva, wakati: „Bisai dombo." Marta wakadavira: „Mambo, achirikuora, kuti wakafa mazuva mana." Asi Yesu wakati kunaye: „Andakakuudza ere, kuti, kana uchitendera, unozoona ukuru wa Yave?"

6. Dozwa vakabisa dombo. Zwino Yesu, achisimutsa maziso ake kudenga, wakanamata: achichema namasimba wakati: „Lazaro, buda." Zwino uno diye wakanga afa, wakabuda muguva. Maoko ake ne tsoka dzake dzakamoneredzgwa namachira. Dozwa Yesu wakati kunavo: „Sununguraí machira, muregere aende."

7. Va Yudei vaǰinji vachiripo, vakatendera Yesu. Vamŵe vakaenda kuna va Farisei, vakavaudza Yesu zwaakaita. Zwino va Farisei na vazivi vakachema: „Tinozoiteyi? kuti, munu uyo aneita zwishamiso zwiǰinji." Mu zuva iro vakasimbisa kumuuraya. Asi Yesu, achiziva kufunga kwavo, wakazwivanza kumarenǰe.

Zwibvunzo.

1. Davanani vakagara kwa Betania, diani wakatanga kurgwadziwa?
2. Marta wakareveyi kuna Yesu?
3. Yesu wakadavireyi?
4. Marta wakashevedzani? Maria wakaiteyi, wakareveyi?
5. Chiyiko chakaitkwa kuguva?
6. Lazaro wakamutskwa muvafi seyiko?
7. Vamŵe va va Yudei vakatendera ere?
   Vamŵe vakaenda kuna va Farisei ere?

Digitized by Google

CHIMEDU 21.

Yesu anopa chirevo che chido.

1. Kana Paske ra va Yudei rakasedera, Yesu wakaenda kwa Yerusaleme. Achirikufundisa mumba ma Yave, mumwe wa va Farisei wakamubvunza: „Dechipi chirevo chikuru pane zwimwe mukurayidza (kwa Yave)?"

2. Yesu wakati; Ude Mambo Yave wako no moyo wako wose, no mwea wako wose, nokufunga kwako kwose, nenjere dzako dzose: Dicho ichi chirevo chechiposhi chikuru pane zwose. Chimwe chineenzana necho: Ude mumwe wako sewe."

ZWIBVUNZO.

1. Dechipi chirevo cha akabvunzgwa Yesu?
2. Yesu wakareveyi?

CHIMEDU 22.

Yesu anoparidza kutonga kwe zuva remedziso.

Yesu pakare wakafembera kuna vafundi vake zwinozoitkwa musi wokupera kwa pasi. Wakati: „Mwana Mukomana wo munu anozouya no ukuru wake, na vaangere vose naye. Musi uyo achagara pachigaro cho ushe kwa anotunidzgwa. Rudzi rgwose rgwa pasi runozoonganidzgwa pamberi pake, anozokamura vakanaka na vakaipa, so mufudzi anokamura wai ne mikono. Anozoisa wai na parudjgi, asiimi mikono na parumoshe."

2. Do musi kana Mambo achati kunavo vari kurudjgi: „Uyai, imi madiwa na Baba wangu, tambirai ushe wamakarongedzergwa imi musi wokusikwa kwa pasi."

3. Do musi kana achati kunavo vari kurumoshe: „Ibvai kuneni, imi makatukirgwa, kumoto usingapere, wakaku-

Digitized by Google

idzirgwa diabore ne zwa angere zwake." Avo vanozoenda kumargwadzo asingapere; asiimi vakanaka kurupenyu rusingapere."

ZWIBVUNZO.

1. Yesu wakafembereyi zwokupera kwa pasi?
2. Mambo anozotaureyi kuna vakanaka?
3. Anozotaureyi kuna vari kurumoshe?

CHIMEDU 23.

Yesu anodzika Sakramente re Altare isante kwazwo.

1. Pachirariro chemedziso pamberi pokufa kwake, Yesu wakadzika Sakramente re Altare isante kwazwo.



Chirario chemedziso cha Yesu Kriste.

Digitized by Google

Usiku uno Yesu wakabata chingwa mumaoko make masante kwazwo, achisimudza maziso ake kudenga, wakabenedika chingwa, wakachimedura; wakachipa kuna vafundi vake, achiti: „Tambirai, mudjge: ichi, domuviri wangu, unoteurirgwemi."

2. Kudaro, Yesu pakare wakatora gaba, wakatenda, wakaribenedika, wakaripa kuna vafundi vake, achiti: „Tambirai, munwe mose muneiro; kuti ichi do maropa angu, anozoparadzirgwemi na vajinji kundonunura matadzo. Itai ichi kuti mundiyeuke."

ZWIBVUNZO.

1. Yesu wakadzikeyi usiku wa pamberi pokufa kwake?
2. Yesu wakareveyi, kana akatora gaba?

CHIMEDU 24.

Kutandadza kwa Yesu mu munda.

1. Zwino Satane wakafurira Yuda, mumwe wa vaapostore gumi rinavaviri, kundochera Mambo no Muridzi wake. Yuda wakaenda kuna vazivi, achiti kunavo: „Munondipeyi, ndinozomupai Iye kunemi?" Vakamuudza; „Mashireni makumi matatu." Yuda wakatambira zwa akaudzgwa.

2. Kana Yesu akanga adzika Sakramente isante re Altare, wakaenda na vafundi vake kugomo Olivete kwa yakanga iriminda, yakanzi Getsemane. Kana Yesu wakaswika ku musuo wo munda, wakati kuna vafundi vake: „Garai imi pano, Ini ndichienda pamberi kundonamata. Petre oga na Yakobo na Joannes vakapinda naye muminda.

3. Zwino Yesu wakatanga kuita no moyo mutema, wakadedera, wakati: „Mwea wangu unotsamwa, kuti ufe. Chimirai pano, mugare kundonamata neni." Iye wakaenda pamberi kashoma, wakauwira no uso wake, achinamata:

Digitized by Google

„Baba wangu, kana zwichigona kuitkwa, gaba iri (rokurgwadziwa) ribve kuneni. Asi akuitkwe kuda kwangu, kuitkwe kuda kwako."

Kutandadza kwa Yesu mu munda.

4. Kudaro Yesu wakanamata katatu, wakava mukutandadza; dikita rake rakave sa madonwe a maropa, achidona pasi. Wakanamata musi mujinji no moyo unotswa. Onai! wakazwinonesa angere, wakamusimbisa. Zwino Yesu wakasimuka, wakati kuna vafundi vake; „Mukai, diye anondichera, ari padigo."

ZWIBVUNZO.

1. Yuda wakaenda kunani kundochera Yesu?
2. Yesu wakaenda kupiko na vafundi vake?
3. Yesu wakanamata seyiko?
4. Wakanamata kanganiko? Matikita ake a maropa akadiyi?

Digitized by Google

CHIMEDU 25.

Yesu anobatkwa.

1. Yesu achirikureva, Yuda wakauya ne dumbu guru ramapurisa na vabatidzi. Vakanga vaine mwenje, no moto, na mapanga makuru ne nduni. Yuda wakangavavaudza: „Wandinozokwazisa pamuromo, diye; mubate na masimba."

2. Mucheri wakauya kuna Yesu, achiti: „Kaziwa, Mambo," wakamukwazisa pamuromo. Yesu wakati kunaye: „Shamwari, unovingeyiko? Yuda, unochera Mwana Mukomana wo munu nokukwazisa pamuromo ere?"

3. Zwino Yesu wakasedera kune dumbu ra vanu, wakabvunza: „Munotswaga ani?" Vakadavira: „Yesu wo kwa Nazaret." Yesu wakadavira: „Ini ndini." Vakasuduruka, vachiuwira pasi, sa vafa.

4. Asi Yesu wakabvunza pakare: „Munotswaga ani?" Vakadavira: „Yesu wo kwa Nazaret." Yesu wakati: „Ndakamuudza kuti Ini ndini. Dozwa, kana munonditswaga, muregere avo, vaende zwavo." Zwino vaisa maoko kunaye. Asi iye Petre. achizuva banga uru rake, wakarova mubatidzi wo mupriste mukuru, wakadimura nzeve yokurudjgi yake. Zita ro mubatidzi uyo rakanzi Malko. Yesu wakati kuna Petre: „Isa banga rako uru mu omwe." Zwino wakabata nzeve ya Malko, wakairapa.

5. Zwino vakabata Yesu, vakamusunga. Vafundi vake vakamusia, vachitiza. Petre na Joannes voga vakamutevera kure.

ZWIBVUNZO.

1. Diani wakauya ne dumbu guru ra mapurisa?
2. Yuda wakareveyi kuna Yesu?
3. Yesu wakareveyi kuna va Yudei?
4. Yesu wakabvunzeyi pakare?
   Chakaitkweyi kunavo?
   Petre wakaiteyi?
5. Vafundi vakaiteyi, kana Yesu akasungwa?

Digitized by Google

CHIMEDU 26.

Yesu anotongwa na vakuru kuti afe.

1. Dumbu ra mapurisa na vabatidzi vakaendesa Yesu kuna Kaifas, mupriste mukuru. Iye wakaonganidza vakuru vose vanotonga.

Mupriste mukuru na vatongi vakavavarira kuona vapfakazi kuna Yesu, kuti agone kuurayiwa. Asi vakashaya.

2. Pokupedza Kaifas wakamuka, achiti: „Ndinokurayidza muzita ma Yave ari mupenyu, kuti utiudze kana uchiri Kriste, Mwana Mukomana wa Yave mupenyu." Yesu wakadavira: „Ongu ini ndini." Zwino mupriste mukuru wakabarura anzu dzake, achiti: „Wakanyomba. Munofungeyi?" Vakadavira: „Ane maka yokuurayiwa."

3. Zwino Yesu wakabiskwa, wakagarirgwa kuti mangwana aswike. Usiku uno wose mapurisa na vatongi vakamushusha. Vakamuswipira ku uso wake, vakamusunga kumeso, vakamurova, vakamunyomba.

4. Asi Yuda wakatsamwa, zwa akachera Yesu. Wakadzorera mashireni makumi matatu kuna vazivi, achiti: „Ndatadza nokuchera Yesu asinemaka." Vazivi vakadavira: „Izwi, ndava yedu ere? ndiwe unozoona." Zwino achikandidzira mari mumba ma Yave, Yuda wakaenda kunze kwo musha, wakazwisunga ne tambo.

ZWIBVUNZO.

1. Mupriste mukuru wakaonganidzireyi vatongi na vakuru?
2. Kaifas wakamurayidza seyiko Yesu?
3. Yesu wakaitkweyi usiku wose?
4. Yuda wakadiyiko?

Digitized by Google

CHIMEDU 27.

Yesu anopurgwa.

1. Musi uyo Ponsio Pilato wakanga ari murayidzi mu Yudea. Va Yudei vakaendesa Yesu kunaye mangwana mangwana kuti atongwe. Asi Pilato wakaziva kuti Yesu wakachergwa ne shanje ya vapriste na va Farisei. Dozwa wakada kumununura kumaoko avo. Asi mupriste wakamutsa vanu, vose vakachema: „Muroverere muchipianiso, muroverere muchipianiso!"

Yesu anopurgwa.

2. Pilato wakati: „Dokupi kuipa kwa akaita? Andigone kuona maka yokumuuraya. Dozwa ndinomupura, ndimuregere aende."

Digitized by Google

Yesu wakaendeskwa, wakakutunurgwa anzu dzake, wakasungwa pe bango, wakapurgwa achitambudzgwa.

ZWIBVUNZO.

1. Yesu wakaendesergweyi kuna Pilato ? Pilato wakada kuiteyi ?
2. Pilato wakareveyi ? — Wakarayidza Yesu kuitkweyi ?

CHIMEDU 28.

Yesu anosungirirgwa ndaza ye minzgwa.

Kana Yesu akapurgwa, mapurisa akamupfekesa anzu tswuku yakare. Akaruka ndaza ye minzgwa, akamuisa pamusoro pake, akaisa rutsanga paruoko rudjgi. Zwino achimupfugamira ne ibvi, akamushusha, achiti: „Kaziwa, Mambo

Yesu anosungirirgwa ndaza ye minzgwa.

Digitized by Google

wa va Yudei." Mamŵe akamuswipira, achitora rutsanga, achimurova pamusoro.

Pokupedza akamusunga pameso, akapamidza kumushusha no kumushona ne zwose.

ZWIBVUNZO.

Mapurisa akaiteyi kuna Yesu wapedza kupurgwa?

CHIMEDU 29.

Yesu anooneskwa kuna vanu; anotongwa kufa.

1. Kamŵe pakare Pilato wakavavarira kundonunura Yesu, Wakamuburitsa kunze kuna vanu. Uko Mununuri wakamira nendaza ye minzgwa pamusoro pake, achipfekeskwa ne anzu tswuku. Pilato wati: „Ringisai munu!"

2. Asi vapriste na va Farisei vakachema: „Muroverere muchipianiso, muroverere muchipianiso!" Pilato wakadavira: „Andione maka munaye." Va Yudei vakadavira: „Tine-

Yesu anooneskwa kuna vanu.

Digitized by Google

chirevo: ne chirevo ichi anosungirgwa kufa: kuti wakati: ndiri Mŵana Mukomana wa Yave."

3. Zwino pokupedza Pilato wakatswaga pakare kununura Yesu mumaoko avo. Asi ivo va Yudei vakachema: „Kana uchiregera munu uyo aende ausiri shamwari wa mambo mukuru.

4. Zwino Pilato wakatora mvura, wakashamba maoko ake, achiti: „Andine maka na maropa o munu wakanaka uyo. Do ndava yenyu!" Vose vakachema: „Maropa ake ąuye kunesu no kuna vana vedu." Zwino Pilato wakatambidza Yesu kuna va Yudei, aroverergwe muchipianiso.

ZWIBVUNZO.

1. Yesu wakaoneskwa seyiko kuna vanu?
2. Dumbu ra vanu rakachema richidiyi? Pilato wakareveyi?
3. Pilato pokupedza wakatswaga kuiteyi?
4. Pilato wakareveyi achishamba maoko ake? Va Yudei vakachema vachidiyi?

CHIMEDU 30.

Yesu anotakura chipianiso chake chinorema.

1. Mapurisa zwino akabata Yesu. Akamukutunura anzu tswuku, akamupfekesa anzu dzake. Zwino akaenda naye kumuroverera muchipianiso. Yesu wakatakura chipianiso chinorema pa mafudzi ake.

2. Kudaro wakapinda mivā ya Yerusaleme ku gomo Kalvari, kwa wakanga achiri kuroverergwa muchipianiso. Mbava mbiri dzakaendeskwa pamŵe cheta naye kundoroverergwa muchipianiso.

3. Munu, wakanzi Simone, wakanga achiri kupinda, achibva kumunda. Mapurisa akamubata, akamumanikidza kubatidza Yesu achitakura chipianiso.

Digitized by Google

Yesu anotakura chipianiso chake chinorema.

4. Dumbu ravanu rakatevera Yesu. Pakati panavo vakanga vachiri pakare vakadzi vakanaka, vachigomera Yesu, vachichema misodzi ye tsitsi.

ZWIBVUNZO.

1. Mapurisa akaiteyi kuna Yesu?
   Yesu wakatakura chipianiso chake seyiko?
2. Davani vakaendeskwa na Yesu?
3. Chiyiko chakaitkwa no munu anonzi Simone?
4. Vakadzi vakanaka vakaiteyi?

CHIMEDU 31.

Yesu anoroverergwa mu chipianiso.

1. Masikati Yesu wakaswika pauzuru pe gomo Kalvari, Uko mapurisa akamutambidza waini yakasanganiskwa nenduru. Yesu wakairavira, asi Iye wakaramba kunwa. Zwino akamuroverera muchipianiso.

Digitized by Google



Yesu anoroverergwa mu chipianiso.

2. Naye dzakaroverergwa mbava mbiri; imwe kurudjgi, imwe kurumoshe. Mapurisa akatora anzu dzake, akadzicheka akaita zwimedu zwina, chimedu chimwe chete kuno mumwe oga oga. Asi anzu uru yake isinokusoneskwa, akarambidza kuicheka. Dozwa akaikandira akata. Zwino akagara pasi kundogarira Yesu.

ZWIBVUNZO,

1. Mapurisa akaiteyi kana Yesu wakaswika pa gomo Kalvari?
2. Davanani vakaroverergwa muchipianiso naye? Mapurisa wakaiteyi?

CHIMEDU 32.

Yesu anoreva mazgwi ake manomwe okupedza, anofa.

1. Vapriste na va Yudei vakashusha Yesu, vachiti: „Kana uchiri Mwana Mukomana wa Yave, buruka kuchipianiso! wakanunura vamwe. Iye aagone kuzwinunura. Yesu

Digitized by Google

wakareva, achiti: „Baba uvaregere, kuti vasingazive zwavaneita."

2. Mumwe pa ne mbava wakaroverergwa muchipianiso naye, wakanyomba Yesu achiti: „Kana uchiri Kriste, uzwinunure nesu." Asi mumwe wakamutuka, wakareva namasimba achiti: „Isu chokwadi tinorgwadziwa, tatadza, asi Iye aanokutadza." Zwino wabvunza Yesu: „Mambo, undiyeuke, kana uchipinda mu ushe wako." Yesu wakadavira: „Ndinokuudza: „Zuva iri uchagara neni mu Paradiso."

3. Zwino vakamira pachipianiso Maria, amai va Yesu, na Joannes, mufundi wadiwa pana vose.

Yesu wakati kuna amai vake: „Mukadzi, ona mwana waka!" Kuna Joannes wakati: „Ona amai vako!" Musi uyo Joannes wakatora amai va Yesu kunaye, anenge amai vake.

4. Masikati aswika; onai! rakaita rima dema pasi pose, rakamira misi mitatu. Yesu wakachema na masimba: „Yave wangu, Yave wangu, wakandisiyireyiko?"

5. Wakamira kashoma, Yesu wakachema: „Ndinenyota." Zwino purisa rakatora mushunje, rakainyudza mu waini inovava, rakariisa murutsanga, rakamupa kundonwa. Kana wakapedza waini inovava, Yesu wakati: „Zwose zwakaitkwa." Zwino wakachema namasimba: „Baba, mu maoko mako ndineisa mwea wangu." Achireva izwi, wakakotamisa musoro, wakafa.

6. Onai! pasi pakadedera, matombo akakwatuka. Makuva majinji akazarurgwa, zwituna zwijinji zwavasante zwakamuka. Ishe na mapurisa ake, achigarira Yesu, akabatkwa nokuvunduka, achiti; „Chokwadi, munu uyu wakanga akanaka; wakanga ari Mwana wa Yave."

Na vanu vakarova zwipfuva zwavo, vakadzokera kwa Yerusaleme vachinyararisa.

Digitized by Google

ZWIBVUNZO.

1. Vapriste na va Yudei vakashusha Yesu seyiko?
2. Imwe mbava yakareveyi?
3. Davanani vakamira padjgo pe chipianiso? Yesu wakareveyi kuna amai vake?
4. Panerima misi mingani?
5. Mushure mezwo Yesu wakareveyi? Daapi mazgwi okupedza a Yesu?
6. Chakaitkweyi, kana Yesu wakafa?

CHIMEDU 33.

Yesu anobayiwa ne pfumo, aneiskwa mu guva.

1. Mauro achirikuswika, mumwe wa mapurisa wakatora pfumo, wakabaya parutivi pa Yesu. Zwino uno akabuda maropa ne mvura.

2. Vanu vaviri vakapfuma, vakatora chituna cha Yesu pa chipianiso, wakachipeta mu machira akanaka.

Vapedza vakamuviga mu guva idzwa, rakachekwa muruare. Zwino vakakungurutsira dombo guru ku musuo we guva. Mangwana e rimwe zuva vapriste na vazivi vakagarisa mapurisa paguva, vakadzurura dombo.

Yesu aneiskwa mu guva.

ZWIBVUNZO.

1. Rimwe purisa rakatorireyi pfumo?
2. Davanani vakabisa chituna cha Yesu pa chipianiso? Vapriste na va Farisei vakaiteyi ava mangwana?

Digitized by Google

CHIMEDU 34.

Yesu anomuka muvafi.

1. Mangwana e zuva rechitatu, Yesu wakamuka muvafi, wakabuda kuguva no Ukuru wake wose. Pamwe chete pakadedera pasi kwazwo. Angere wa Mambo wakaburuka achibva kudenga, wakakungurutsa dombo paguva, wakagara pauzuru paro. Kuchena kwake kunenge meni, anzu yake yakachena se (dova re) chando. Kana mapurisa akagarira guva, akaona angere, akabatkwa nokudedera, akauwira pasi anenge akafa.

Yesu anomuka muvafi.

2. Musi uyo vamwe vakadzi vakanaka vakaenda kuguva kuzora chituna cha Yesu. Kana vaswika kuguva, vakaona musisina. Angere wakati kunavo: „Munotswaga Yesu wo kwa Nazaret, wakaroverergwa muchipianiso? Wamuka, aasiri pano. Chiendai, muudze vafundi vake na Petre."

Digitized by Google

ZWIBVUNZO.

1. Yesu wakamuka muvafi riniko? Zwa angere zwakadiyi? Chiyi chakaitkwa ku vag ririri ve guva?
2. Davanani vakaenda kuguva mu musi uyo? Angere wakareveyi kunavo?

CHIMEDU 35.

Yesu anozwionesa kuna vafundi vake.

1. Mauro ezuva iro, vaapostore na vamwe vafundi vakaongana pamwe chete mumba mechirariro chemedziso kwa Yerusaleme. Vachivunduka va Yudei, vakazarira misuo yose. Zwino uno Yesu wakazwionesa panavo, achiti: „Mugarike! Ndini, regai kuchka." Zwino vafundi vakaita no moyo muchena, vachiona Mambo no Muridzi wavo.

2. Asi Yesu wakareva pakare: „Mugarike: Sa Baba wakandituma, Ini pakare ndinomutuma." Zwino achifemera munavo, wakati: „Tambirai Mwea Musante. Vanonunurgwa matadzo avo nemi, vanonunurgwa chokwadi: vamuneigarisira, vanogarisirgwa." Zwino Yesu wakaverera pa maziso avo.

ZWIBVUNZO.

1. Vafundi vakaongana kupiko mauro e zuva iro?
2. Yesu wakavapa seyiko masimba okununura matadzo?

CHIMEDU 36.

Yesu anoita Petre mufudzi mukuru (we kirike).

1. Yesu wamuka muvafi, wakagara pasi mazuva makumi mana. Misi mijinji wakanga achiri na vaapostore vake, wakavataurira ushe we denga. Wakazwionesa pakare kuna vamwe vafundi; musi wokupedza, wakazwionesa kuna mazana mashanu pamwe chete.

Digitized by Google

Yesu anoita Petre mufudzi mukuru we Kirike.

2. Rimŵe zuva vamŵe vafundi vake vanomŵe vakaenda ku mvura uru Genezaret; Petre, Yakobo na Joannes vachiripo.

Zwino uno Yesu wakava navo. Wakataura, wakadjga navo.

3. Zwino wakati kuna Petre: „Simone, mŵana wa Joannes, unondida pano avo ere?" Petre wakadavira: „Mambo, unoziva kuti ndinokuda." Yesu wakati: „Fudza budzana dzangu."

4. Yesu wakamubvunza pakare: „Simone, mŵana wa Joannes, unondidasu?" Petre wakadavira: „Mambo, unoziva kuti ndinokuda." Yesu wakati: „Fudza budzana dzangu."

5. Yesu wakareva kachitatu: „Simone, mŵana wa Yoannes, unondida ere?" Petre wakatsamŵa, achichema: „Mambo, unoziva zwose: unoziva kuti ndinokuda." Zwino Yesu wakati kunaye: „Fudza wai dzangu."

ZWIBVUNZO.

1. Yesu wakagara pasi mazuva mangani mushure mukumuka kwake muvafi?
2. Davanani vakaenda kumvura uru Genesaret?
3, 4, 5. Yesu wakareveyi kuna Petre?

CHIMEDU 37.

Kukwira kwa Yesu Kriste ku denga.

1. Zuva ramakumi mana Yesu wakazwionesa kuna vaapostore vake gumi rino mumŵe chete kundopedza,

Digitized by Google

mumba mechirariro chemedziso kwa Yerusaleme. Wakadjga navo, wakavaudza kumiiira mu Yerusaleme, kuti vapua Mŵea Musante. Vapua vaende kufundisa na va Yudei na vasingatendere. Wakati: „Masimba ose dapua kudenga na pasi. Dozwa muneenda kufundisa rudzi rgwose; muchivabapatisa muzita ma Baba, no Mukomana, na Mŵea Musante; muchivafundisa kuchengeta zwose zwandakamurayidza; onai, ndinogara nemi mazuva ose, kuti pasi papera. Diye anotendera, anobapatiskwa, anozoponeskwa; asi iye asingatendere, anozoraskwa."

Yesu anokwira ku denga.

2. Zwino wakaenda na vaapostore vake kugomo Oliveti. Apo wakasimudza maoko ake, wakavabenedika. Zwakaitkwa kuti achivabenedika, wakatanga kukwira, wakasimutskwa

Digitized by Google

kudenga. Vaapostore vakamupfugamira, vachitarisa Yesu, gore rakamuvanza kumaziso avo.

3. Asi ivo, kana vakanga vachirikumuringisa, vaangere vaviri vakazwionesa kunavo, vachiti: „Vanu va Galilea, munogarireyi pano muchiringisa kudenga? Yesu uyo wakabiskwa panemi achienda kudenga, achauya kudaro, sa makamuona achikwira kudenga." Vaapostore vakaita no moyo muchena vachizwinzgwa matama aya, vakadzokera kwa Yerusaleme.

ZWIBVUNZO.

1. Yesu wakareveyi kuna vaapostore vake, kana akazwionesa kunavo musi wokupedza?
2. Yesu wakakwira kudenga kupiko?
3. Vaangere vaviri vakataureyi kuna vaapostore?

CHIMEDU 38.

Kuburuka kwa Mŵea Musante.

1. Vaapostore vakaenda pakare kumba kwe chirariro chemedziso kwa vakaongana mamŵe mazuva. Uko vakanamata kwazwo. Na Maria, amai va Yesu, na vafundi vajinji vakagara navo, kuti vanu vakaverengwa vanenge zana rinamakumi maviri.

2. Zuva regumi, zwino uno, kwakaswika kurira kwe denga, kunenge mepo uru inopinda namasimba; yakazara imba yose kwa vakagara. Akaoniwa navo marimi o moto anemaskwa, akaburuka muno mumŵe oga oga panavo. Vakazadzgwa no Mŵea Musante, vakatanga kureva rurimi rujinji.

3. Zwino, pokurira kwe mepo, vanu va Yerusaleme vakaongana pamŵe chete. Petre wakamira pamberi pavo, achiti: „Yesu wakamuka muvafi, zwino agere pa rudjgi

Digitized by Google



Kuburuka kwa Mŵea Musante.

rgwa Yave Baba." Vajinji vakatendera, vakabapatiskwa, zuva iro vanenge mazana makumi matatu vakatambirgwa mu kirike.

ZWIBVUNZO.

1. Vanu vangani vakagara mumba me chirariro che medziso?
2. Chakaitkweyi zuva ra gumi?
3. Petre wakareveyi kuna vanu?

CHIMEDU 39.

Kirike ra Kriste rinotanga kuparadzgwa pasi pose.

1. Mazuva e Pentekoste apera, vaapostore vakaenda pasi pose, kundofundisa matama akanakisa okununurgwa. Muzita ma Yesu vakaita pakare zwishamiso zwijinji. Vatendere vachirikuverengwa, vanowanda mazuva ose; Kirike ra Kriste rakadzikwa munyika jinji. Vaapostore vakaita vaepiskopi, vakapa Ordo kuna vamŵe vave vapriste.

Digitized by Google

2. Musoro we kirike wakanga ari Petre; diye wakaitkwa na Mambo, Mufudzi mukuru we kirike. Muteveri wa Petre musante diye Papa wo kwa Roma. Vateveri va vamŵe vaapostore do vaepiskopi, vateveri va vafundi, do vapriste.

3. Kudaro Kirike sante katolike rakagara zwino makore mazana gumi ana mazana mapfumbamŵe. Rakavakwa pa ruare dokuti pa Petre na vateveri vake, va Papa. Arirege misi yose, kuti diye Yave (wakaridzika) adzokere kutonga vapenyu na vafi. Vanofara avo vanotendera, vaneita se Kirike katolike rinotendera, rinofundisa.

ZWIBVUNZO.

1. Vaapostore vakaiteyi, Pentekoste yapera?
2. Vateveri va Petre, va vamŵe vaapostore, va vafundi vanotumidzirgweyi?
3. Kirike katolike ino rinogara misi mingani?

Digitized by Google

Appendix to Old Testament.

(CHILD'S BIBLE HISTORY.)

TESTAMENTE YAKARE.

CHIMEDU 1.

Vana va Noe.

Noe wakanga ana vana vakomana vatatu — Sem, Kam, na Yafet. Navo wakaita minda, achidzika miti ye waini.

Kano michero ye waini yaibva, Noe, asingazive masimba ewaini, wakaramba achinwa, wakabatkwa. Achirinda kudaro mutente yake, Kam wakauya, wakamuseka, wakamushusha pana vakoma vake.

Asi avo, vachida baba wavo, wakakumbambira, vakamufugidza ne anzu uru, vasinokutarisa ubunumunu wake.

Kana Noe akapepuka, wakazwinzgwa zwakaitkwa, wakati: „Kam unyombge! Asi imi, Sem na Yafet, mubenedikwe!"

CHIMEDU 2.

Imba ndefu ya Babel.

Vana va Noe, no rudzi rgwose rgwavo, vakava vajinji; sa kare vakanyanya vachitadza. Zwino vachiri vajinji, vakatadza kugara pamwe chete. Vachizwikudza, vakati: „Ativake

Digitized by Google

imba ndefu, kuti musoro wemba ugume denga. Tiite basa rokukudzgwa, pamberi pokukamurana munyika dzose." Asi iye, Yave wakaranga kuzwikudza kwavo, achiti : „Ndivapindure rurimi rgwavo, kuti varege kunzgwana!"

Imba ndefu ya Babel.

Zwino uno, rurimi rgwavo rgwakapindurgwa, vatadza kwazwo kunzgwana mumŵe mumŵe; vakatadza kutumana nokusevenza pamŵe chete. Kudaro vashaya kuregera basa remba ndefu. Zwino, panzwimbo po rurimi rumŵe chete, vakava no rurimi rujinji; kuti vakasungirgwa kuparadzana pasi pose.

Rudzi rgwa Kam rgwakaenda muna Afrika; rudzi rgwa Yafet muna Europe.

Digitized by Google

CHIMEDU 3.

Kupedzgwa kwa Sodoma na Gomorha.

Abraham wakanga akapa zwokudjga no pokurinda kuna vaenzi vatatu. Mangwana, wakavaperekedza kashoma vachienda kwa Sodoma. Vachirikufamba, Mambo wakati kuna Abraham: „Matadzo a Sodoma na Gomorha anoridza mere kudenga: ndinoda kuyipedza."

Kupedzgwa kwa Sodoma na Gomorha.

Abraham wavunduka, achiti: „Unozopedza vakanaka na vakaipa pamwe chete ere? Kana ndichiona vakanaka makumi mashanu, unozoregera misha ere?" Mambo wakati: „Ongu, ndinodaro!" Asi, Abraham wakavashaya; wakapamidza kubvunza: „Kana ndichiona makumi mana, unoiregera ere?" Mambo wakati; „Ongu, ndinodaro!" Asi Abraham wakavashaya. Wakapamidza kubvunza pakare na vashoma; asi, wakavashaya pakare; wakashaya vakanaka gumi. Dozwa Mambo wakatuma vaangere vaviri kupedza misha. Vaswika kwa Sodoma mauro, vakaona Lot achigara pa musuo guru

Digitized by Google

ro musha. Lot wakavabvunza kuti vauye kundogara mumba make. Vaangere vakati kunaye: „Muka, ubude kunze kwo musha uyo, kuti Mambo achaupedza." Usiku uno Lot wakaenda kundoudza tswimborume mbiri dzakarora vana vake; asi ivo vakaramba kumutendera. Mangwana, mangwana vaangere vamanikidza Lot, vachiti: „Tora mukadzi wako na vana vako vaviri, kuti murege kupedzgwa mose no musha wakaipa." Asi, Lot achimiramira, vaangere vakamubata na maoko, vachimumanikidza, vachivaudza: „Murege kucheuka; muchidaro, munofa!"

Zwino uno, Mambo wakanisa moto na manyenjere o moto, wakapedza kwazwo misha na vanu. Asi mukadzi wa Lot, wakacheuka kundoona; zwino uno, wakapindurgwa, wakava dombo re chai.

Nasi, nzwimbo dze misha kwa yakanga iri, iri mvura, inonzi. „Mvura uru yafa."

CHIMEDU 4.

Esau na Yakob.

Isak no mukadzi wake Rebeka vakava na vana vakomana vaviri: dangwe wakanzi Esau, gotkwe Yakob. Esau wakanga ari mutswuku anembvere, ane asha; Yakob wakanga anomuviri no moyo wakanaka.

Esau wakanga ari munu anovima;

Yakob wakasevenza pamusha.

Esau wakadiwa na baba, achidjga muka dzake;

Yakob no moyo munyore wakadiwa n'amai.

Rimwe zuva Yakob wakanga achibika nakara ye nyimo: Esau, achibva kuvima, wakaneta nenzara kwazwo, wakati kuna muninyina wake: „Ndipe nakara iyi, kuti ndinenzara." Yakob wakati: „Nditengese ukuru wako, kuti ini ndidumidzgwe mukuru wako." Esau wakapamidza: „Ona! ndinofa

Digitized by Google

nenzara: ukuru wangu unondibatidza seyiko?" Yakob wakadavira: „Undipikire, kuti undiite mukuru wako." Esau wakapika; wakaguta ne nakara.

Isak anobenedika Yakob.

Zwino Isak, wakanga achiri arawa, wakatadza kuona. Wakashevedza Esau, wakati: „Mŵana wangu! unoona, ndinamakore majinji; andizive zuva rokufa kwangu. Tora utati wako ne miseve, undipfurire muka yakanaka; kuti, uchinditambidza. ndikubenedike so mŵana wangu mukuru, ndisati ndafa." Esau wakaenda.

Rebeka wakazwinzgwa mazgwi a Isak. Zwino anoshevedza Yakob, achiti: „Enda kudanga, undisarudzire mbudzana mbiri dzakanaka, kuti ndibikire baba nyama yaanoda; kuti, kana adjga, akubenedike so mŵana mukuru wake, pamberi pokufa kwake."

Yakob wakadaro. Rebeka wakadzibika, dzinenge muka; wakapfekesa Yakob ne anzu dzakanaka dza Esau, wakamumonera mu uro no mu maoko newe ye mbudzana. Kudaro wakamutuma kuna baba.

Isak wakabvunza: „Ndianiko iwe, mŵana wangu?" Yakob wakadavira: „Ndiri dangwe wako, baba! Tambira zwokudjga kuti undibenedike." Isak wakati pakare: „Sedera, kuti ndikubatebate!"

Yakob wasedera; Baba wakati: „Chokwadi, kureva kwako kunenge kwa Yakob; asiiwe, maoko ako anenge a Esau." Wakamubenedika.

Digitized by Google

Yakob wakabuda; Esau wakaswika ne muka yakabikwa, achiti: „Tambira, baba, udjge!" Baba wakashama, achiti: „Diani iwe?" Wakadavira: „Ndiri dangwe Esau." Zwino Isak anozwinzgwa kuti wakachengetskwa na Yakob. Esau wakachema ne asha, achiti: „Wakanditorera pamberi ukuru wangu; zwino wakandipfutira benediksione rangu ra baba." Zwino Esau wakasema Yakob, wakachema kumuuraya. Yakob wakatiza, wakagara munyika yakapikwa na Yave.

CHIMEDU 5.

Samson.

Moses wakafa. Va Israelite vakava varidzi ve nyika yakapikwa na Yave. Va Filistine vakachema kuvatanda; vakakurirgwa na Gedeone, mambo wa va Israelite.

Angere wakauya kuno mukadzi wa Manue, achiti; „Unozozwara mwana mukomana; chizwo chirege kugusa musoro wake: diye achatanga kununura Israel ku maoko a va Filistine." Mwana wakazwargwa wakatumidzirgwa Samson; wakakura namasimba kwazwo. Achienda ku va Filistine, vakasangana ne shumba: asi Samson wakaikwatura. Rimwe zuva achibatkwa na va Filistine, achisungwa, Samson wakadimura mikosi; achinonga pfupa ro rushaya rgwe mbongoro, wakaritora, wakauraya naro va Filistine mazana zana.

Achirinda mu musha Gaza, va Filistine vakazarira musuo guru ro musha, kuti arege kutiza. Usiku Samson wakatora musuo, wakaritakura pauzuru pegomo.

Dalila, mukadzi wo mu Filistine, wakaenda kundonyenga Samsone; wakati: „Masimba ako anobvepiko?" Samson wakati: „Chizwo achati chandigusa. Kana vudzi angu richichekwa, ndinoshaya masimba." Usiku mukadzi wakacheka

Digitized by Google

vudzi ra Samson achikotsira. Kudaro Samson wakashaya masimba, wakasungwa, wakabiskwa maziso, wakaraskwa mu tronko. Rimwe zuva, va Filistine vajinji kwazwo, vachiri kutamba no kunwa wawa, vakashevedza Samson, kuti vaone masimba ake. Vudzi ra Samson rakakura pakare. Samson wakati kuno muchengeti wake: „Ndiperekedze kubango guru rinotsikira imba uru, kwa vanu vanotamba." Wakadaro. Zwino Samson wakatsiginura, imba yakauwa, yakauraya va Filistine vajinji naye.

CHIMEDU 6.

David.

Saule, mambo wa va Israelite, wakamutsa asha dza Yave na matadzo ake. Yave wakati kuna Samuele, mupriste mukuru: Ndarasa Saule! Zadza runyanga na mafuta; ndinokutuma kuna Isai, kwa Betleheme; kuti pana vana vake ndakazwisarudzira mambo."

Kana Samuele akaswika, David, gotkwe, wakanga achirikufudza zwipfuo zwa baba. Samuele wakamushevedza, wakamuzora umambo. Mwea wa Yave wakapinda muna David, wakasia Saule.

Samuele anozora David umambo.

Zwino Saule wakabatkwa no mwea wakaipa, achinyanya kutsamwa. Mazuva ose, achibatkwa kudaro, David washevedzgwa

Digitized by Google

kuridza marimba ake, kunyararisa moyo unopenga wa Saule. Saule, asingazive kuti David wakazorgwa Mambo, wakamuchengeta kajinji panaye.

CHIMEDU 7.

David na Goliat.

Zwino va Filistine vakauya kundorgwisa va Israelite.

Va Filistine vakagara pauzuru pe gomo; pane rimŵe gomo vakagara va Israelite. Vakakamurgwa no mupata. Munu mukuru kwazwo, wakanzi Goliat, wakauya pamberi, achibva kuna va Filistine: wakapfekeskwa ne anzu dza madare, wakatakura pfumo ne banga guru. Kudaro wakauya. achiti kuna va Israelite: „Ndipei mumŵe munu, ndirgwe naye.

David anouraya Goliat.

Kana achinduraya, tose tinova vanyai venyu; asi, kana ini ndichimuuraya, munova vanyai vedu." Pana va Israelite

Digitized by Google

apana munu wakanga ano moyo wokurgwa naye. Kudaro vakaskwera mazuva makumi mana, Goliat achiuya kudaro kuvatea mazuva ose.

Rimwe zuva mukomana David wakauya kutara vakoma vake vatatu vachigara mu ondo na va Israelite. Achiona Goliat, achizwinzgwa kudada kwake, moyo wake wakamutskwa, zwino wakati kuna mambo Saule: „Ini, ndinomurgwisa!" Saule wakaramba. David wakati: „Ndichifudza wai dza baba, shumba yakauya, yakatora imwe wai. Ini ndakaitevera, ndakairova. Shumba yakadzokera kwandiri; ini ndakaibata pa uro, ndakaiuraya. Mambo wakandinunura mu masimba e shumba, zwino achandinunura mu masimba a Goliat."

Saule wakadavira: Enda zwako! Yave akubatidze!" Saule wakamupfekesa David ne anzu yake ya madare yokurgwa. Asi mukomana, achiremergwa ne anzu dzakadaro, wakadzibisa; wakatora donzwo rake, wakaenda kurukova, wakasarudza mabge mashanu. Achitora mu ruoko rgwake chokukanda mabge, wakafamba. achienda pamberi, kundorgwisa Goliat. Mu Filistine, achimuona, wakati: „Ini ndiri imboga ere, kuti unouya kwandiri ne donzwo?" Achinyomba David na vayave vake, anopamidza achiti: „Uya kwandiri kuti ndigone kupa nyama yako kune shiri dze denga." David wakadavira: „Iwe unouya kwandiri ne banga ne pfumo guru, ne noo; asi ini ndinouya muzita ma Yave wa Israel!"

Mu Filistine wakasedera kundorgwa; David zwake, achikurumidza, waisa ibge muganda, wakazimbiridza, wakarova Goliat pa manza na masimba akadaro, kuti mukuru wakawira pasi nameso. David, achizwirigira panaye, wakazwuva banga ra Goliat, wakacheka musoro wake.

Va Filistine, vachiona, vakabatkwa nokuvunduka, vakatiza.

Va Israelite, vachivatanda, vakabaya vasemi vavo vajinji, vachitora zwose zwiri zwavo.

Digitized by Google

Kana Saule wakafa David wakaitkwa mambo wa va Israelite, achiitira Yave.

CHIMEDU 8.

Eliseo.

Eliseo muprofeta munu musante kwazwo, wakanga achifamba, kana vamŵe vakomana vakaipa vakauya kumuseka, vachimutumidzira: „Ane bara!" Eliseo wakaziva kuti nokumuseka, vanoseka Yave.

Ndozwa wakavanyomba muzita ma Yave. Zwino uno tukara tuviri twakabuda musango, twakauraya vakomana makumi mana anavaviri.

Eliseo na vakomana vakaipa.

Digitized by Google

CHIMEDU 9.

Jonasi muprofeta.

Eliseo wakafa, Jonasi wakasarudzgwa muprofeta. Yave wakati kunaye: „Matadzo a Ninive akaridza mere kudenga. Uvaudze kupfidza kuti varege kupedzgwa." Jonasi, achīvunduka vanu, wakaramba kuterera Yave; wakwira igwa kundotiza mambo mumvura uru. Asi mepo yaswika, ichiri kupedza igwa. Vanu vakaipa mu igwa vakakandira akata, kundoziva diani wakamutsa asha dzo mw̄ari. Akata dzakareva „Joasi." Dozwa vakamurasa mumvura. Onai, ove uru kwazwo yakaswika, yakamedza Jonasi: diye wakagara mazuva matatu munumbu ye ove, achipfidza rutadzo rgwake, achikumbira tsitsi dza Yave. Zuva rechitatu ove yakamurutsa panyika.

Yonasi muprofeta.

Zwino Yave wakati pakare kuna Jonasi: „Enda kwa Ninive; ucheme na masimba, uchiti; asara mazuva makumi mana; aya apera, Ninive unopedzgwa!" Kana vanu vazwinzgwa matama a Yave, vose vakatanga kuripira nokupfidza matadzo avo, vachizwinyima, vachizwiranga. Dozwakamutsa tsitsi dza Yave, wakapfavira musha.

Zwino, mazuva makumi mana apera, musha usati wapedzgwa, vanu vakati kuna Jonasi: „Iwe wakatinyepera! Ausiri muprofeta." Dozwa Jonasi wakatiza kusango.

Digitized by Google

CHIMEDU 10.

Tobia.

Vanu va Israel vachinyanya kutadza Yave, vakarangwa: misha yavo yakapedzgwa, vanu vakaparadzgwa. — Tobia, mumwe mu Israelite, wakanaka kwazwo; achiri arawa asingagone kuona, wakati kuna mwana wake, wakanzi Tobia pakare: „Chienda kunyika kure, inonzi Rages, kundobvunza kundidzorera chikwerete!" Mukomana wakatswaga mumwe kumuperekedza.

Tobia na Rafael arkangere.

Wakabuda, wakaona tswimborume yakanaka ichiri kufamba. Wakanga ari angere Rafael. Asi Tobia aanokumuziva: wakati kunaye: „Unoziva ere nzira ineendesa kwa Rages?" Angere wakadavira: „Ndinoiziva'" Zwino vakataurirana kuti vaende pamwe chete. Baba wakavabenedika varivaviri; vakaenda. Mauro e zuva rechiposhi, vakaswika kurukova Tigris. Tobia, wakaneta ne zuva, wakaisa makumbo mumvura.

Zwino uno ove uru yaswika kumuuraya. Asi angere wakati: „Rega kuchka! uibate, uiburitse kunze!" Wakadaro. Zwino angere wakati: „Bisa moyo wayo, nenduru, nechitaka: do murimo." Vapedza, vakabesa moto, vakabika imwe nyama ye ove, vakadjga; imwe nyama vakairongedza kuti vane zwokudjga munzira.

Kana vakaswika kuno mumwe musha, Tobia wakabvunza: „Tinogara pananiko?" Angere wakati: „Tiende kuna Raguel,

Digitized by Google

munu wo rudzi rgwako. Ana mwana musikana wakanaka. Ndinoda kuti umuroore." Tobia wakati: „Ndazwinzgwa kuti wakarorgwa na vanu vanomwe. Mumwe oga oga wakapedzgwa na diabore zuva rokusanganiskwa." Angere wakati: „Ndo vanu vakaipa vasingafunge Yave! Asi iwe, unamate mazuva matatu, pamberi pokusanganiskwa: kudaro diabore asingagone kukukuvadza."

Wakapinda mumba, Tobia wakavaudza kwa anobva, wakavataurira matama a baba, shamwari wavo. Raguel na vose vakamutambira no moyo muchena kwazwo. Vachigariskwa padara kundodjga, Tobia wakati: „Andidjge, andinwe, kuti wakandipa Sara, mwana wako, so mukadzi wangu," Baba Raguel wakati: „Yave wa Abraham, wa Isak na Yakob agare nemi! amusanganise, amubenedike!" Zwino vakagara, vakadjga. Tobia na Sara vakaskwera mazuva matatu, vachinamata no moyo kwawo.

Rafael wakati: „Iwe uchigara pano, inindineenda no rugwaro kwa Rages kundotambira mari." Wakaenda, wakadzoka.

Mazuva gumi rinamana apera, Tobia wakati kuna Raguel: „Ndinodzokera kumusha, kuti baba n'amai varege kufa ne shungu, vachindimirira." Raguel wakakamura zwipfuo zwake; dzimwe wakapa kuna Tobia, dzimwe wakachengeta.

Tobia wakatenda, wakaenda nomukadzi wake Sara, na Rafael, ne zwipfuo na vabatidzi.

Kana vakaswika kumusha, angere wakati kuna Tobia: „Tora murimo we ove, uzore maziso a baba!" Tobia wakadaro, baba wakaona pakare! Vose vakaita no moyo muchena. — Kana baba wakauya kundotusa Rafael, angere wakati: ndiri angere Rafael, ndinobva kudenga! Vachizwinzgwa vakawira pasi na meso. Angere wakati pakare: „Regai kuchka! Mukudze, mutende Yave, wakatusa kunaka kwenyu. Munyanye muitire Yave!" Wareva, wakaverera.

Digitized by Google

CHIMEDU 11.

Daniel anonunura Susana.

Susana, do mukadzi wakanaka kwazwo! Rimwe zuva achifamba muminda yake, arawa mbiri, vatongi va va Israelite, vakauya kundomufurira. Asi Susana wakaramba. Vatongi avo vakati: „Kana usingabvume, tinokuchera pana vanu vose." Susana wakadavira: „Ndinosarudza kuuwira mu maoko enyu, ndisinemaka, pano kuuwira mu maoko a Yave, ndatadza.

Daniel anonunura Susana.

Zwino vatongi vakaridza mere; vanu vajinji vakaongana; Susana wakachergwa, wakatongwa kufa.

Asi kana vanu vachienda na Susana kusango kundomuuraya namatombo, Daniel wakauya, wakati; „Chimirai!

Digitized by Google

Susana atongwe pakare!" Wakatongwa. Daniel wakashevedza mumŵe mutongi wakamuchera, wakamubvunza, mumŵe asimo; „Pazasi po muti upi pa makafurirgwa na Susana?" Wakadavira: „Pazasi po mukuyu!" — Zwino Daniel wakashevedza mumŵe; wakamubvunza: „Pazasi po muti upi pa makafurirgwa na Susana?" Wakadavira: „Pazasi po muhacha!"

Vanu vachizwinzgwa kunyepa kwavo, vakachema: „Susana asine maka!" Zuva iro Daniel wakava mukuru panavo.

CHIMEDU 12.

Daniel na mambo Baltasar.

Mu musha mukuru Babylone, dokwa va Yudei vajinji vakachengetkwa sa vanyai. Baltasar, mambo, wakatamba, wakanwa na vanu vake. Vachibatkwa no wawa, mambo wakarayidza vabatidzi: „Muuye na magaba endarama masante akatorgwa mumba ma Yave kwa Yerusaleme kare na vakuru vedu." Vakauya nao. Asi Baltasar, achirikunwa nao, wakaona pa madzivo ruoko ruchinyora; mambo wakabatkwa nokudedera; wakabvunza vañanga. Avo vatadza kuzwinzgwa mazgwi akanyorgwa.

Zwino anoshevedza Daniel. Iye wakanemba, achiti: „Mane, Tekel, Fares!

„Mane, dokuti ushe wako unopera. — Tekel, dokuti mabasa ako anoereskwa na Yave: ari mashoma. — Fares, dokuti nyika yako inokamurgwa na va Medi na va Persi."

Usiku ano, va Medi na va Persi, vakapinda Babylone, vakauraya Baltasar, vakatora nyika yake.

Digitized by Google

CHIMEDU 13.

Daniel na yave Bel.

Kyro, mambo wa Persia, wakakonda Babylone; wakada Daniel.

Rimwe zuva Kyro wakabvunza Daniel: „Unoregereyi kupfugamira Bel, yave wa va Babyloni?" Daniel wakadavira: „Ndinopfugamira Yave mupenyu, wakasika zwose!"

Mambo wakati: „Na Bel ari yave mupenyu! Anopedza mazuva ose zwimedu gumi no zwiviri zwe ubvu, wai makumi mana, ne zwirongo zwitanatu zwe waini." Daniel wakaseka achiti: „Ivu ne dare azwigone kudjga."

Zwino mambo wakaburitsa vapriste, achivarambidza kupinda. Iye mambo wakaisa zwokudjga pana Bel. Daniel wakamwaya ubvu pasi kundoziva kana pasina munu anotsika. Vakazarira musuo, vakadzurura; vakaenda kurinda. Usiku vapriste na vakadzi na vana vavo vakapinda pano mumwe musuo usingaoneke, vapedza zwokudjga zwose. Mangwana Kyro na Daniel vakaenda ku tempile, vakaona musuo usinokuzarurgwa; vakapinda, vakaona kuti zwose zwakapedzgwa. Kyro wakati: „Mukuru ari Bel; aagone kuchengetsa." Asi Daniel wakaona tsoka pa ubvu. Vanotanga kutswaga; vanoona musuo wokupinda pazasi pana altare.

Zwino mambo anoona kuti wakachengetskwa; wakauraya vapriste vose; Daniel wakapunza yave Bel, wakapisa imba yake.

CHIMEDU 14.

Daniel mubako re shumba.

Va Babyloni vakanga vano mumwe yave, we mvuu uru. Rimwe zuva, Kyro wakati kuna Daniel: „Chokwadi, augone kundiudza kuti yave uyo aasiri mupenyu." Daniel wakada-

Digitized by Google

vira: „Undiregere, ndiuraye yave uyo ndisinebanga, ndisine pfumo." Kyro wakamuregera. Daniel wabika makona namafuta pamwe chete, achisanganisa ne vudzi. Zwino wakaita uronguwe nacho, wakaisa mumromo wemvuu: yave uyo wakaputika panumbu, wakafa.

Daniel mu bako re shumba.

Va Babyloni vachizwinzgwa, vakava ne asha kwazwo, vabvunza kuuraya Daniel. Vakamubata, vakamurasa mubako re shumba. Vanu vakarega kupa zwo kudjga kune shumba, kuti dzipedze Daniel. Asi shumba dzakaramba kumukuvadza.

Mazuva matanatu apera, Kyro wakauya kutara bako re shumba; wakaona Daniel achigara zwakanaka mukati me shumba. Wakashama, wakamuburitsa, wakarayidza vasemi va Daniel varaskwa mukati: zwino uno vose vapedzgwa ne shumba.

Mambo Kyro wakarayidza vanu vose kuti varege kunyomba Yave wa Daniel.

Digitized by Google

CHIMEDU 15.

Vamartyre, va Makabei vanomwe.

Va Yudei vakatapkwa pakare na vamambo va Syria. Antioko, wakanga achiri mambo, wakamanikidza va Yudei kundodiga nyama yenguruve. Va Makabei vakaramba, vachiti: „Tinorambidzgwa ne chirevo cha Yave wedu!" Mambo wakaita asha. wakarayidza kuti vapurgwe. Asi va Makabei vakanyanya vachiramba.

Vamartyre va Makabei.

Zwino Antioko wakanga no mukuru, wakacheka rurimi rgwake; wadaro, vanu vakakwatura ganda ro pamusoro, vakademura maoko ne tsoka dzake, vakamurasa kumoto. Amai na vakoma vake vakamutsa moyo wake kuti afe no moyo mukuru.

Mukuru wafa, mumwe wakatevera. Achinyanya achirambidza, wakaurayiwa so mukuru wake. Kudaro vatanatu

Digitized by Google

vakapedzgwa. Mudiki wasara. Mambo Antioko wakamunyengetedza ne numbi ne zwimwe zwijinji. Asi mudiki wakaramba no moyo mukuru. Iye n'amai vakaurayiwa; vamartyre vose vakasangana pamwe chete kudenga.

CHIMEDU 16.

Kufa kwa Antioko. Kukuria kwa Yuda Makabei.

Va Yudei, vaneta nokutapkwa. vakaongana, vakakurira vasemi vavo, vakatora pakare Yerusaleme, vakarongedzera imba ya Yave.

Yuda Makabei na vaangere vachitaswa.

Antioko, achizwinzgwa, wakaita ondo. Asi iye wakauwa mungoro, wakazwikuvadza. Zwino kwakatanga kuranga kwa

Digitized by Google

Yave: muviri wake wakaora, onyi dzakamutukunyidza, wakanuwa kuti wakasiwa na vanu vake.

Kudaro wakafa.

Zwino, mŵana wa Antioko wakaita ondo. Asi vachizwikurgwa, vaangere vachitaswa mabiza, vakabva kudenga, vakargwa pana Yuda Makabei, mambo wa va Yudei. Vakapedza vasemi vavo.

Vamŵe va Yudei vakaurayiwa pakare. Va Yudei vachirikuvaviga, vakaona muomwe dzavo zwifananidzo zwavayave vasirivo. Yuda Makabei wazwinzgwa kuranga kwa Yave; wakarayidza vose kundonamatira vakafa. Wakatuma mari jinji kumba kwa Yave muna Yerusaleme, kuti vateurire zwiteuriro, achiti: „Diro basa rakanaka rokukumbirira pana Yave vanu vakafa, kuti vanunurgwe matadzo avo."

Digitized by Google

Appendix to New Testament.

(CHILD'S BIBLE HISTORY.)

TESTAMENTE IDZWA.

CHIMEDU 1.

Yesu anofurirgwa na diabore.

Yesu, wabapatiskwa, watunidzgwa na Yave Baba, wakazwivanza mumarenje. Dokwa akagara, pamberi pokufundisa, achizwinyima zwokudjga, achinamata mazuva makumi mana.

Zwino wakava nenzara. Satan wakauya kumufurira, achiti: „Kana uchiri Mwana Mukomana wa Yave, urayidze matombo ave chingwa." Asi Yesu wakadavira: „Zwakanyorgwa: „Munu aaponeskwe ne chingwa chete, asi na mazgwi anobva kumuromo kwa Yave."

Zwino Satan wakamutakura kuzuru kwemba kwa Yave, achiti: „Kana uchiri Mwana Mukomana wa Yave, uzwirigire pasi; kuti zwakanyorgwa: „Wakarayidza vaangere vake kukuchengeta, kuti urege kukuvadzgwa rutsoka rgwako kunedombo." Yesu wakati kunaye: Zwakanyorgwa: „Urege kutea Mambo Yave wako."

Satan wakavavarira pakare: wakamutakura pauzuru pe gomo refu, wakamurakidza ushe wose wa pasi, no ukuru wako, wakati: „Zwose izwi ndinokupa, kana uchindipfu-

Digitized by Google

gamira." Yesu wakadavira: „Ibva, Satan; kuti zwakanyorgwa: Upfugamire Mambo Yave wako, Iye oga umuitire." Zwino diabore wakamusia; onai, vaangere vakauya kumupereka.

CHIMEDU 2.

Yesu anoparidza ukuru wake kuna vaapostore vatatu.

Musi wokurgwadziwa kwake uchirikusedera, Yesu wakakwira gomo refu na Petre, Yakobo na Yoannes. Achirikunamata, wakatanga kupeñya se zuva, anzu dzake dzakava chena se dova re chando. Onai, Moses na Elias vakazwionesa, vachitaura kurgwadziwa no kufa kwa Yesu kundonunura vanu.

Yesu anoparidza ukuru wake kuna vaapostore vatatu.

Petre, achibatkwa nokufara, wakachema achiti: „Mambo zwakanaka pano! Kana uchida, tivake dzimba natu: imwe yako, imwe ya Moses, imwe ya Elias." Achirikureva, gore guru rakaburuka pamusoro pavo, Baba anamakore ose wakareva, achiti: „Do mwana wangu wadiwa; munaye ndinofara kwazwo! Muterereí!"

Vafundi vakawira pasi, vachidedereskwa nokureva kwe denga. Zwino Yesu wakauya kwavari, wakavabata, achiti:

Digitized by Google

„Mukai, regai kuchka!" Kana vasimuka, vakaona Yesu oga. Vachiri kuburuka mugomo, Yesu wakati kunavo: „Regai kuudza vanu zwa makaona, kudzamara Mukomana wo munu wamuka muvafi."

CHIMEDU 3.

Rungano rgwe Samaritane wakanaka.

Mumwe musi, Yesu, achiri munzira ineenda kwa Yerusaleme, wakasangana no muzivi. Diye wakachemera kufea Yesu, achibvunza: „Mambo, ndineiteyi kuwanira rupenyu rusingapere?" Yesu wakadavira: „Chirevo chinoreveyi?" Muzivi wakati: „Ude Mambo, Yave wako no moyo wako wose; ude mumwe wako sa unozwida." Yesu wakati: „Wakadavira zwakanaka: ita izwi, unozopua rupenyu rusingapere." Asi muzivi, kundofea, wakapamidza: „Dianiko mumwe wangu?" Zwino Yesu wakataura rungano achiti: „Munu achibva kwa Yerusaleme, achienda ku Yeriko, wakabatkwa nembava, wakapurgwa, wakabiskwa numbi dzake dzose, wakasiwa mu muva anenge wafa. Zwino mupriste achirikufamba pa muva, wakamuona; asi wakapindirira zwake. Mu Levita pakare wakauya, asi wakapindirira zwake.



Mu Samaritane wakanaka.

Zwino mu Samaritane (munu anozwidzgwa na va Yudei) wakauya, wakasedera: achimuona, wakabatkwa ne tsitsi.

Digitized by Google

Diye wakashambidza maronda ake, wakamuzora na mafuta; wakamuisa pe mbongoro yake, wakamuperekedza kumusha uri padjgo, wakaudza muridzi kumuchengeta, kuti achamutusa."

Yesu wakapedza kutaura, anobvunza muzivi: „Diani pana vatatu, waunofunga, wakada mumwe wake, dokuti, munu wakapedzgwa nembava?" Muzivi wakadavira: „Diye wakamuitira tsitsi." Yesu wakati: „Enda zwako, newe uite kudaro."

CHIMEDU 4.

Rungano rgwo Mukomana wakapfavirgwa.

Yesu wakati: „Munu wakanga ana vana vakomana vaviri. Gotkwe wakati: „Baba, ndipe naka!" Baba wakamupa.

Mukomana wakaenda kunyika kure kure: dokwa akapedza numbi dzake dzose nokutamba.

Zwino nzara yaswika munyika! Mukomana wakatanga

Mukomana wakapfavirgwa.

Digitized by Google

kushaya. Wakaenda kuno munu, wakaiskwa kufudza nguruve: dokwa anonga zwokudjga zwishoma munguruve.

Zwino, asine chokufeka, wakayeuka musha wake, achiti: „Avo vanosevenza pana baba wangu, vanoguta ne zwose; ini ndinofa pano nenzara! Ndidzokere kuna baba, ndichiti: „Baba, ndatadza kune denga no kunewe; andichagona kutumidzirgwa mw̄ana wako; ndiite munyai wako!" Wakasimuka, wakaenda.

Baba, achichema mw̄ana wake mazuva ose, wakaenda kundotarisa kunzira. Zwino anomuona, anotizisa, anomuchingura, anomugumbata. Asi mukomana achizwirigira pasi, anoti: „Baba, ndakatadza kune denga no kunewe. Ndiite munyai wako." Baba wakati kuna vabatidzi: „Uyai zwino ne zwokupfeka zwakanakisa. Mubayire muru, munwe wawa, mufare; kuti mw̄ana wangu wakamborasika, wakadzoka."

Zwino mukoma wake, achibv̄a kuminda, achizwinzgwa kutamba, anoti kuna baba: „Ona, ini ndakagara newe mazuva ose, awakandibayira muru. Zwino diye wakapedza mari ako, unomuitira zwakanaka." Baba wakadavira: „Mw̄ana wangu, diwe unogara neni mazuva ose. Zwose zwiri zwangu, zwiri zwako. Zwino tiite moyo muchena, kuti muninyina wako wakarasika, wadzoka; wakafa, wamuka."

No rungano urgo, Yesu anofundisa tsitsi dza Yave achipfavira mutadzi anopfidza matadzo ake.

CHIMEDU 5.

Yesu anozorgwa na Maria Magdalena.

Yesu aneenda kwa Betania kuna Simone wakamurongedzera zwokudjga: Lazaro na vamw̄e vanogara padara naye, Marta achibatidza. Vachiri kudjga, Maria Magdalena anouya namafuta akanakisa: anozora makumbo a Yesu, achiapukuta ne v̄udzi rake. Imba yose izere nokunuwa zwakanaka.

Digitized by Google

Yudas, achiona izwi, anotsutsumwa, achiti: „Waregereyi kutengesa mafuta aya, kundopa mari kuna varombe?" Yudas awakareva izwi, zwa anoda varombe; wadaro, kuti ari mbava, achichemera mari.



Yesu anozorgwa na Maria Magdalena.

Asi Yesu wakati: „Munonetsireyi mukadzi uyo? Wakandiitira zwakanaka. Varombe vanogara nemi mazuva ose; asi Ini ndichagara kashoma chete nemi. Maria, noḳuzora muviri wangu, wakadaro kuti ndichavigwa.

Chokwadi, ndinokuudzai: Kwose kwa matama a Yave anofundiskwa, ne basa rake iri, rinozotaurgwa kundomuyeuka."

CHIMEDU 6.

Yesu anopinda Yerusaleme achikudzgwa.

Rimwe zuva, Yesu wakasia Betania kundoenda kwa Yerusaleme.

Kana aswika kwa Betfage, padḳo pe gomo re Oliveṭi,

Digitized by Google

wakatuma vaviri va vafundi vake, achiti: „Endai kumusha mudiki uri uko pamberi penyu, zwino uno muchaona mbongoro yakasungwa, no mwana wayo. Mudzisunungure, muuye nadzo kwandiri. Kana munu achimubvunza, munoti; „Mambo anodzishaya."

Yesu anopinda Yerusaleme achikudzgwa.

Vafundi vakaenda, vakaona mbongoro no mwana, Isa vakaudzgwa na Yesu. Dozwa vakauya nadzo kuna Yesu; vachiwaridza anzu dzavo pauzuru payo, vakagarisa Yesu. Zwino vajinji vakachemera kuona Yesu, kuti wakamutsa Lazaro muvafi.

Dozwa, kana Yesu aswika padjgo po musha mukuru, vafundi vake ne dumbu guru ra vanu vakawaridza anzu dzavo panzira; vamwe vachicheka mapazi kumiti, vakaaparadza pa muva. Mamwe matumbu a vanu achienda pamberi, mamwe achitevera, akachema achiti: „Osana kuno Mwana

Digitized by Google

Mukomana wa David! Aombergwe Iye anouya muzita ma Mambo! Osana kudenga!"

Vakagara pakare mu matumbu vamwe va Farisei, vakazara ne shanje nokusema, vakadzwokora Yesu. Vachiona Yesu achitunidzgwa kudaro, vakabvunza ne asha: „Unozwinzgwa ere zwavanoreva?" Yesu wakadavira: „Kana avo vanonyararisa, matombo anozochema." Achisedera Yerusaleme, dumbu ra vanu rakakura, richinyanya richimukudza.

Kudaro zwakaitkwa zwaakafembera Zakaria, kuti: Yerusaleme uchatargwa na Mambo wake so Mununuri; kuti, ari murombe, achitaswa mbongoro." Asi Yesu, achiona Yerusaleme, wakachema misodzi, achiti: „Watadza kuzwinzgwa zuva iri rako, zwinokupa kugarika; asi izwi, zwino zwinovanzgwa kumaziso ako. Kuti mazuva achauya, kana vasemi vako vachachera goronga richikupoterera, vachikurgwisa, vachikupedza iwe na vana vako; vasingasiye dombo pane rimwe dombo, kuti watadza kuziva musi wokutargwa!"

Yesu wakapinda miva, achienda kumba kwa Yave. Uko vargwere, na vasingaone, na vakaremara vakauya kunaye kwose kwose; Yesu wakavaponesa vose. Vana vadiki, vachiona izwi, vakatanga kuchema pakare: „Osanna kuno Mukomana wa David!" Asi va Farisei, vachipenga ne asha, vakamuudza kuvatuka. Yesu wakadavira: „Amatimanemba mazgwi aya: Ne miromo yavacheche ne yavachayamwa, wakanyanya kutunidzgwa?"

CHIMEDU 7.

Chirario chemedziso. Yesu anoshamba makumbo a vaapostore.

Zuva rechiposhi re Paske, musi wokuteurira wai, vaapostore vakauya kuna Yesu, vachimubvunza: „Tinorongedzera kupi

Digitized by Google

wai ye Paske?" Yesu anoti kuna Petre na Yoannes: „Chiendai kumusha uyo, muchasangana no munu achitakura chirongo che mvura. Mutevere kwa aneenda; munoudza muridzi wemba, muchiti: Mambo anokubvunza: iri kupi imba yokudjgira, kwa ndinodjga wai ye Paske na vafundi vangu? Anomurakidza zwino imba uru yokudjgira; deiyo, muneigadzira." Petre na Yoannes vaneenda; vanoona zwose zwa akareva Yesu; vanorongedza wai ye Paske.

Zuva radǫka, Yesu anouya achigara padara na vaapostore gumi rinavaviri; anoti: „Ndachemera kwazwo kundodjga nemi wai iyo ye Paske, ndisati ndaenda kurgwadziwa."

Yesu anoshamba makumbo a vaapostore.

Kana apedza kudjga wai ye Paske, Yesu anomuka, anokutunura anzu dzake uru, anozwisunga ne djira, aneisa mvura mundiro uru kundoshambidza makumbo a vaapostore, anobate djira rokupukuta. Yesu anotanga na Petre; diye anoshama kwazwo, achiti: „Mambo, unoda kushambidza makumbo angu ere?" Yesu anodavira: „Unotadza kuzwinzgwa zwandineita; uchazwinzgwa zwinozwino." Petre ano-

Digitized by Google

pamidza: „Ausuke makumbo angu!" Yesu anoti: „Kana unoramba kushambidzgwa neni, augone kugara neni!" Petre anodavira: „Kana uchidaro, ushambidze zwako namakumbo, namaoko no musoro pakare."

Kana Yesu akapedza kushambidza makumbo a vaaapostore vose, anopfeka pakare anzu dzake uru; anogara padara, achiti: „Kana ini, Mambo, ndashamba makumbo enyu; imi pakare mushambidze makumbo o mumŵe mumŵe. Nokudaro ndakamufundisa, kuti muitire mumŵe mumŵe, sa ini ndakamuitira."

CHIMEDU 8.

Yesu anofembera kuchera kwa Yudas.

Zwino, Yesu aneita no moyo mutema, achiti: „Chokwadi, ndinokuudzai, mumŵe panemi anozondichera!" Vafundi vachizwinzgwa, vanotsamŵa, vachitarisana; mumŵe oga oga anobvunza, achiti: „Ndini ere, Mambo?" Yesu anodavira, achiti: „Diye panemi gumi na maviri, aneisa ruoko neni mundiro, diye anozondichera." Yoannes, wadiwa na Yesu pana vamŵe, wakagara panaye. Petro anomuringisa Yoannes, kuti abvunze pana Yesu anorevani?

Yoannes achikumbamba pa moyo wa Yesu anomubvunza, achiti: „Mambo diani?" Yesu anodavira, achiti: „Diye, wandinomutambidza chingwa chandanyudza." Wareva, anonyudza chingwa, anochipa Yudas Yskariote; diye, kana wamedza, anobatkwa na diabore. Anosimuka, aneenda kuna Yesu, anobvunza, achiti: „Ndini ere, Mambo?" Yesu anodavira, achiti: „Waudza: zwa unoda kuita, uite zwino!" Yudas anobuda, kundochera Yesu. Yudas wakarangana na vapriste na vakuru kundotengesa Yesu na mashireni makumi matatu.

Digitized by Google

CHIMEDU 9.

Yesu anofembera kuti Petre anozomurasa.

Yesu anoreva kuna vafundi vake no moyo munyoro kwazwo, achiti: „Vana, ndinogara nemi kashomashoma; ndichienda, ndinomupa chirevo chitswa: „Ude mumŵe mumŵe, sa ini ndakamuda. Nokudaro vanu vose vanoziva kuti imi muri vafundi vangu, muchida mumŵe mumŵe." Simone Petre, achishama, ana inopfura, anobvunza: „Mambo, uneendepi?" Yesu anodavira, achiti: „Kwandineenda, iwe augone kunditevera." Petre anopamidza, achiti: „Andigonireyi kukutevera zwino? ndinozwirasira rupenyu rgwangu, ndichikutevera." Yesu anodavira, achiti: „Simone, Simone! ona, Satan anoda kumupepeta se zwio; ini ndoga, ndakakunamatira, kuti chitendere chako chirege kuva chidiki; kuti kana moyo wako unopindurgwa, usimbise pakare vamŵe vanemi. Usiku uno munozondisia." Petre anochema, achiti: „Kana vose vanokusia, ini andinokusia; ndinomoyo wokusungwa newe, nokufa." Yesu anoti: „Chokwadi, chokwadi, usiku uno, dzongwe risinokuchema kaviri, iwe wakandirasa katatu."

Vaapostore vachizwinzgwa mazgwi a Yesu, vanotsamŵa kwazwo. Yesu anochenesa moyo wavo, achiti: „Regai kutsamŵa! Kumusha kwa Baba, dzimba dzijinji; ini ndineenda uko chete, kundomurongedzera imba yakanaka." Kana Yesu wapedza kureva nokunamata, anoti: „Tisimuke, tiende."

CHIMEDU 10.

Yesu pana Anas.

Vanu vanotanga vachienda na Yesu kuna Anas, mumŵe mupriste. Diye anomubvunza Yesu kwazwo zwavafundi vake

Digitized by Google

ne zwokufunda kwake. Yesu anodavira asine asha, achiti: „Ndafunda pachena; bvunza avo vakandizwinzgwa." Yesu wareva, mumwe munu wo mupriste anomurova ne tsiva pa uso wake, achiti: „Unodavirireyi kudaro kuno mupriste mukuru?" Yesu anoti: „Kana ndatadza nokureva, ndiudze; kana ndareva zwakanaka, unondirovereyi?"

CHIMEDU 11.

Petre anorasa Yesu.

Petre na Yoannes vanotevera Yesu kure; vanoswika pamberi pemba po mupriste mukuru. Pakati po rutsito, moto wakabeskwa, kwa vanogara vanu, vachidzivira chando. Petre anogara navo kundoona zwineitkwa na Yesu.

Anouya musikana, achichengeta goni; anomuziva Petre, anoti: „Iwe wakafamba na Yesu wa kwa Nazaret?" Petre

Petre anorasa Yesu.

Digitized by Google

anochka, achiti: „Kwete! andimuzive!" Djongwe rinotanga kukuridza kachiposhi.

Mumŵe munu anouya; anomunongedzera Petre, achiti: „Ndiye uyo, mumŵe wa vafundi vake!" Zwino Petre anotanga kupika, achinyepa pakare, achiti: „Kwete, andimuzive munu uyo." Vamŵe pakare vanouya, vachiti: „Chokwadi, uri mumŵe wa vanu vake; unobva kwa Galilea; tinokuziva no kureva kwako!" Petre anoramba pakare achipika na manyepo, achiti: „Andimuzive munu!" Zwino djongwe rinochema kachipiri. Yesu anocheuka, achiringisa Petre. Petre anotsamŵa, achiyeuka zwaakafembera Yesu: „Usiku uno, djongwe risinokuchema kaviri, iwe wakandirasa katatu." Petre wakabuda, anochema misodzi mijinji. achirgwarira mu moyo make kwazwo kwazwo.

CHIMEDU 12.

Pilato anotuma Yesu kuna Herodes.

Pilato, kana akazwinzgwa kureva „Galilea," anovabvunza, kana Yesu abva kwa Galilea ere? Vanoti: „Ongu!" Dozwa Pilato anomutuma kuna Herodes, mambo wa kwa Galilea; diye wakauya kwa Yerusaleme kuita mazuva e Paske. Herodes wakachemera kare kuona Yesu achiita zwishamiso zwake. Iye anomubvunza kajinji; asi Yesu anoramba kudavira.

Herodes na vanu vake vanomushusha, vanomupfekesa anzu djena ye nkosi kundomuseka; anomutuma pakare kuna Pilato.

CHIMEDU 13.

Barabas.

Pilate anozwinzgwa kuti vapriste na vakuru vanomuchera Yesu ne shanje. Anoshevedza banditi guru: diye wakamutsa vanu, wakauraya vamŵe, anonzi Barabas. Pilato anomuisa

Digitized by Google

parutivi pa Yesu, achiti kuna vanu vakaongana: „Ndinoburitsani, kana Barabas, kana Yesu?" (Zwineitkwa izwi kuti urumente unonunura banditi rimwe chete makore ose, zuva re Paske.)

Pilato, achidaro, wakafunga kuti vanu vanosarudza Yesu anunurgwe. Asi vapriste, na vakuru na va Farisei vanomutsa vanu; vose vanochema: „Uraya uyo, utinunure Barabas!" Pilato anoti: „Ndineiteyi ne mambo wa va Yudei?" Vose vanochema: „Muroverere muchipianiso, muroverere muchipianiso!" Pilato anoti: „Mirandu yake deipi? Ndashaya maka yo kumuuraya. Zwino ndinomupurisa; ndapedza, ndinomuburitsa."

CHIMEDU 14.

Yesu anozwionesa kuna vafundi vo kwa Emaus.

Mauro e zuva rokumuka kwa Yesu Kriste, vaviri va vafundi vakanga vachiri kuenda kwa Emaus, vachitaura matama o kwa Yerusaleme, Yesu wakasangana navo; asi vakatadza kumuziva nokutsamwa kwavo. Yesu wakabvunza, achiti; „Munotsamwireyi?" Kleofas wakadavira: „Diwe, uchiri muenzi muna Yerusaleme, kuti usingazive zwakaitkwa mazuva aya?" Yesu wakati: „Chiyiko?" Vati: „Zwakaitkwa kuna Yesu wo kwa Nazaret: diye muprofeta wakaroverergwa muchipianiso na vapriste! Nasi tineita zuva rechitatu rokuvigwa kwake. Vamwe vakadzi vakaenda kuguva, vanoti, kuti ari mupenyu. Isu atizive." Yesu wakadavira: „Munomirirevi kutendera zwakafembergwa na vaprofeta. Kana Kriste ari Mununuri, washaya kufa kudaro." Zwino, achitanga na Moses, wakavafundisa zwose zwa vaprofeta, zwose zwakafemberergwa Mununuri.

Kana vakaswika kwa Emaus, Yesu wakaita so munu

Digitized by Google

anoda kupindirira. Asi avo vakati: „Usiku waswika, gara nesu nasi!" Yesu wakapinda navo, wakagara padara, wakatora chingwa, wakachibenedika, wakachipa kunavo. Zwino uno maziso avo akazarurgwa, vakamuziva. Asi Yesu wakaverera.

Vakarevana, vachiti: „Chokwadi, moyo wedu wakamutskwa, kana wakataura panzira." Zwino usiku uno vafundi vakadzoka kwa Yerusaleme kuna vaapostore, vachivaudza zwa vakaona. Na vaapostore vakati: „Mambo wamuka chokwadi, wakazwionesa kuna Petre."

CHIMEDU 15.

Martyre wechiposhi: Stefano musante.

Vaapostore, vachiremergwa ne basa, vakasarudza vanu vanomw̃e, vakavaita vadiakone, kundobatidza. Stefano musante wakasarudzgwa. Nenjere dzake wakakunda vasingatendere, wakaita zwishamiso zwijinji.

Vazivi. vakakundgwa naye, vakamutsa asha dza vanu.

Stefano musante.

Digitized by Google

Wakabatkwa, wakatongwa. Asi Stefano, asinokuvunduka, wakati kuna vatongi: „No musoro usingakotame, no moyo mukukutu usingaterere, munoramba muchidzivira kunze kwo mwea wenyu Mwea Musante, sa vakuru venyu vakaita. Sa avo vakauraya vaprofeta, nemi makauraya Musante kwazwo."

Vatongi vachizwinzgwa, vakapenga ne asha. Asi Stefano, azere no Mwea Musante, wakatarisa kudenga, achiti: „Ndinoona Yave mukuru, na Yesu anogara parudjgi rgwake." Va Yudei vachizwinzgwa. vakamubata, vakamusaira kunze kwo musha, kusango. Vakamuuraya na matombo, Saule achichengeta mabachke avo. Stefano achikarofa, wakati: „Mambo, uvapfavire rutadzo urgo!" Wareva, wakafa.

Yave wakazwinzgwa kunamata kwa Stefano, wakapindura moyo wa Saule, (dokuti Paule).

CHIMEDU 16.

Saule anopindurgwa moyo wake.

Saule, achichemera kuuraya vafundi va Yesu Kriste, wakaenda kuno mupriste mukuru, wakabvunza rugwaro kuti agone kuenda kwa Damasko kundobata vafundi, Wakanga achiri kufamba munzira ineenda kwa Damasko, kana zwino uno, kuchena kwakabuda mudenga; Saule wakawira pasi, anenge wakarowa ne meni. Wakazwinzgwa kureva kwe denga: „Saule, Saule, unondirondereyi?" Saule wakabvunza: „Dianiko iwe, Mambo?" Mambo wakadavira: „Ndiri Yesu, waunorondera." Achidedera, achishama, Saule wakati: „Mambo, unoda kuti ndiiteyi?" Mambo wakadavira: „Simuka, enda kwa Damasko: dokwa uchaudzgwa zwa unosungirgwa kuita."

Saule wakasimuka, wakazarura maziso, wakatadza kuona.

Digitized by Google

Vanu vake vakamubata pa ruoko, vakamuperekedza kwa Damasko. Wakagara uko mazuva matatu achizwinyima zwokudjga no kunwa.

Saule anopindurgwa moyo wake.

Zwino, wakagara mu Damasko mumwe mufundi wa Yesu, anonzi Anania. Mambo wakazwionesa kwa ari, achiti: „Simuka, uende kumuva unonzi „Unorurama"; utswage, mumba ma Yuda, Saule wo kwa Tarso, kuti ona, achirikunamata."

Anania wakadavira: „Mambo, ndazwinzgwa na vanu vajinji kuti munu uyo wakaonesa namo kuna vasante vako kwa Yerusaleme." Mambo wakadavira: „Enda, kuti ndakasarudza munu uyo kuti aparidze zita rangu kuna vasingatendere, kuna vamambo na vana va Israel."

Anania wakaenda kumba kwa akagara Saule, wakaisa maoko ake pamusoro pake, achiti: „Saule, Mambo Yesu wakandituma kunewe, kuti udzorergwe kuona, kuti upue Mwea Musante." Zwino uno, Saule wakaona, wakababatiskwa. Wakatanga kufundisa mumba mo kunamata, kuti Yesu ari Mwana Mukomana wa Yave.

Digitized by Google

CHIMEDU 17.

Petre mutronko.

Herodes Agripa mambo, kuti adiwe na va Yudei, wakarondera vafundi va Yesu. Wakauraya Yakobo; zwino wakabata Petre kuti naye aurayiwe. Asi vatendere vakaramba vachinamata kuti Yave amununure.

Usiku pamberi pokufa kwake, tronko yakapikitkwa na mapurisa zana. Petre wakarinda pakati pa maviri, achisungwa.

Onai, angere wakazwionesa kuna Petre, achiti: „Simuka, kurumidza!" Wakadaro, madare akamusunga, akakochonoka.

Angere wakati: „Uzwipfekese, uise shangu, nditevere!" Petre wakaterera. asinokuziva kana asingarote. Vachibuda, vakapindirira mapurisa; vaswiika kugoni redare: rakazaruka. Vakabuda. Angere wakaverera.

Petre wakaenda kumba kwa Marko; dokwa vatendere vajinji vakaongana vachinamatira Petre. Petre wakagugudza; musikana wakauya ku musuo, wakabvunza: „Diani?" Petre wakati: „Ndini Petre!" Musikana, achizwinzgwa Petre, wakafara kuti wakakanganwa kundozarura musuo, wakaenda kundoudza vamwe. Asi avo vafunga kuti anopenga. Musikana wakanyanya kuvaudza. Zwino Petre wakapamidza kugugudza no kugugudza. Musuo wakazarurgwa: vakaona kuti diye Petre chokwadi, vakashama. Vakanyanya vachishama, kana Petre wakataura kununurgwa kwake na angere.

Herodes achizwinzgwa, wakauraya mapurisa ose. Asi iye Herodes wakatevera, wakafa, achirangwa na Yave.

Digitized by Google

CHIMEDU 18.

Vaapostore.

Vaapostore vakaparadzirgwa pasi pose. Vose vakafundisa, vakafira chitendere chavo. Petre musante wakaroverergwa muchipianiso kwa Roma; Paule musante, achiri wo kwa Roma, wakachekwa musoro; Yoannes, wakaraskwa mumafuta anopisa; asi wakaramba kutswa; wakafa ava namakore zana.

Kufara kwa vasante kudenga.

Digitized by Google

INDEX.

TESTAMENTE YAKARE.

	Chimedu (chapter.)	Page.	English text-book page.
Kusikwa kwa Pasi	1	5	5
Kusikwa no kuraskwa kwa vaangere	2	7	7
Kusikwa kwo munu wechiposhi. — Paradiso.	3	8	7
Kutadza kwa vakuru vedu vechiposhi	4	9	8
Kurangwa kwa vakuru vedu vechiposhi. Kupikwa kwo Mununuri	5	10	10
Kain na Abel	6	11	11
Kuvakwa kwe Arka	7	13	13
Mvura inozadza pasi	8	14	14
Chiteuriro cha Noe. — Mutsi we mvura	9	15	16
Kushevedzgwa kwa Abraham	10	16	17
Chiteuriro cha Abraham	11	17	18
Yosefe anosemwa na vakoma vake	12	19	21
Yosefe anotengeskwa na vakoma vake	13	20	21
Yosefe mumba ma Putifare	14	22	23
Yosefe mutronko	15	23	24
Kuitkwa mukuru kwa Yosefe	16	24	25
Vana va Yakob vaneenda kwa Egipte.	17	26	27
Rgwendo rgwa Benyamin kwa Egipte.	18	28	29
Gaba rendarama djena ra Yosefe	19	29	31
Rgwendo rgwa Yakob kwa Egipte	20	31	33
Kuzwargwa kwa Moses.	21	33	34
Kutiza kwa Moses. — Muti uchitswa	22	35	37
Rushamboga gumi rgwa Egipte	23	37	39
Wai ye Paske	24	38	41
Kuyambuka kwemvura uru tswuku	25	40	43
Zwishamiso zwakaitkwa mumarenje	26	42	44
Zwirevo gumi	27	43	46
Va Israelite munyika yakapikirgwa	28	45	48

Digitized by Google

TESTAMENTE IDZWA.

	Chimedu (chapter.)	Page.	English text-book page.
Kuzwargwa kwa Yoannes Bapatista kunozoparidzgwa.	1	47	51
Angere Gabriele anoparidza kuzwargwa kwa Kriste.	2	49	52
Maria anotara mukoma wake Elizabeta	3	50	54
Kuzwargwa kwa Yesu Kriste	4	51	56
Angere anoparidza ku vafudzi kuzwargwa kwa Kriste.	5	52	56
Kupfugamira kwa vazivi vatatu vachibva kwa zuva rinobuda	6	53	58
Yesu anotambidzgwa mumba ma Yave	7	55	60
Kutiza kwa Egipte	8	55	61
Mwana Yesu anogara mazuva matatu mumba ma Yave	9	56	63
Yoannes Bapatista, mutungamiri wa Yesu, anofundisa, anobapatisa	10	58	64
Yesu anobapatiskwa na Yoannes	11	59	66
Yesu aneita basa rokushamisa rechiposhi pokusanganiskwa mu matrimonio kwa Kana	12	59	67
Yesu anofundisa vanu, anoponesa vargwere	13	61	69
Yesu anomutsa muvafi mwana mukomana wo muchembere wo kwa Naim.	14	62	70
Yesu anomisa masimba e mvura uru	15	64	72
Yesu anogutisa mazana makumi mashanu ne zwingwa zwishanu	16	65	73
Yesu anofundisa vafundi vake kunamata	17	67	75
Yesu anotaura rungano rgwa Mupfumi na Lazaro	18	67	76
Yesu anobenedika vana vadiki.	19	69	77
Yesu anomutsa Lazaro muvafi.	20	70	78
Yesu anopa chirevo che chido.	21	73	80
Yesu anoparidza kutonga kwe zuva remedziso	22	73	81
Yesu anodzika Sakramente re Altare isante kwazwo.	23	74	81
Kutandadza kwa Yesu mu munda	24	75	83
Yesu anobatkwa.	25	77	84
Yesu anotongwa na vakuru kuti afe	26	78	85
Yesu anopurgwa.	27	79	87
Yesu anosungirirgwa ndaza ye minzgwa	28	80	88
Yesu anooneskwa kuna vanu; anotongwa kufa	29	81	89
Yesu anotakura chipianiso chake chinorema	30	82	90
Yesu anoroverergwa mu chipianiso	31	83	92
Yesu anoreva mazgwi ake manomwe okupedza, anofa.	32	84	93
Yesu anobayiwane pfumo, aneiskwa mu guva	33	86	94
Yesu anomuka muvafi	34	87	96
Yesu anozwionesa kuna vafundi vake.	35	88	97
Yesu anoita Petre mufudzi mukuru (we kirike)	36	88	98
Kukwira kwa Yesu Kriste ku denga	37	89	99
Kuburuka kwa Mwea Musante.	38	91	101
Kirike ra Kriste rinotanga kuparadzgwa pasi pose	39	92	102

Digitized by Google

APPENDIX TO OLD TESTAMENT.

	Page.
Vana va Noe	94
Imba ndefu ya Babel	94
Kupedzgwa kwa Sodoma na Gomorha	96
Esau na Yakob	97
Samson	99
David	100
David na Goliat	101
Eliseo	103
Jonasi muprofeta	104
Tobia	105
Daniel anonunura Susana	107
Daniel na mambo Baltasar	108
Daniel na yave Bel	109
Daniel mubako re shumba	109
Vamartyre, va Makabei vanomwe	111
Kufa kwa Antioko. Kukurira kwa Yuda Makabei	112

APPENDIX TO NEW TESTAMENT.

Yesu anofurirgwa na diabore	114
Yesu anoparidza ukuru wake kuna vaapostore vatatu	115
Rungano rgwe Samaritane wakanaka	116
Rungano rgwo mukomana wakapfavirgwa	117
Yesu anozorgwa na Maria Magdalena.	118
Yesu anopinda Yerusaleme achikudzgwa	119
Chirario chemedziso. Yesu anoshamba makumbo a vaapostore	121
Yesu anofembera kuchera kwa Yuda	123
Yesu anofembera kuti Petre anozomurasa	124
Yesu pana Anasi	124
Petre anorasa Yesu	125
Pilato anotuma Yesu kuna Herodes	126
Barabas	126
Yesu anozwionesa kuna vafundi vo kwa Emaus	127
Martyre wechiposhi. Stefano musante	128
Saule anopindurgwa moyo wake.	129
Petre mutronko	131
Vaapostore	132

Digitized by Google

Digitized by Google

Digitized by Google

Digitized by Google

Digitized by Google

Digitized by Google

UNIV. OF FLORIDA
3 1262 04282 8961

THIS VOLUME HAS BEEN
MICROFILMED BY THE
UNIVERSITY OF FLORIDA
LIBRARIES

FLARE
31262042828961